**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİM MİNİSTRLİGİ**

# Berdaq atındag’ı Qaraqalpaq Ma’mleketlik universiteti

## Geografiya kafedrası

**Ta’biyattanıw fakulteti geografiya qa’niygeliginin’**
**IVa-kurs studenti Bekimbetova Mexribannnın’**

## PİTKERİW QA’NİYGELİK JUMISI

**Tema: Shimbay rayoninin’ xalqi ha’m miynet resurslari**

Jaqlawg’a jiberildi
______________________
«_ __ _» ____ ____2012 j.

İlimiy basshı
_____________dots.G.A.Xodjaeva

Kafedra baslıg’ı dots.G.A.Xodjaeva

No’kis- 2012 j.

## MAZMUNI


| | | |
|---|---|---|
| | **KİRİSİW** | 3 |
| **I-BAP** | **RAYONNIN’ TA’BIYIY SHA’RAYATI H’A’M RESURSLARININ’ XOJALIQ TARAWLARININ’ RAWAJLANIWINA TA’SIRI** | 6 |
| I.1. | Rayonnın’ geografiyalıq jaylasqan ornı h’a’m shegaraları | 6 |
| I.2. | Geologiyalıq du’zilisi, relefi h’a’m klimat sha’rayatı | 7 |
| I.3. | Rayonnın’ jer-suw h’a’m biologiyalıq resursları | 12 |
| **II-BAP** | **SHIMBAY RAYONININ’ SOTSIAL-EKONOMIKALIQ RAWAJLANIWINA SIPATLAMA** | 19 |
| II.1 | Rayonnın’ jer fondı, awıl-xojalıg’ı tarawlarının’ jaylasıwı ha'm rawajlanıwı | 19 |
| II.2 | Sanaat tarawlarının’ jaylasıwı h’a’m rawajlanıwı | 33 |
| **III-BAP** | **RAYONNIN’ XALQININ’ O’SIW DINAMIKASI H’A’M XALIQ QURAMI** | 35 |
| III.1. | Rayon xalqının’ o’siw dinamikasına sıpatlama | 35 |
| III.2. | Rayon xalqının’ jas h’a’m jınıs quramı | 40 |
| III.3. | Rayon xalqının’ milliy quramı | 41 |
| **IV-BAP** | **RAYONNIN’ MİYNET RESURSLARI** | 43 |
| | **JUWMAQLAW** | 50 |
| | **O’mir qa’wipsizligi** | 52 |
| | **Paydalanılg’an a’debiyatlar** | 58 |

# KİRİSİW

Respublikamız g'a'rezsizlikke eriskennen keyin o'ndiris tarmaqlarının' jaylasıwı h'a'm rawajlanıwı, a'sirese xızmet ko'rsetiw tarmaqlarının' rawajlanıwına u'lken itibar berilmekte. Bul bag'darda rayonnın' sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw u'lken orın tutadı. Xojalıq tarmaqların bazar qatnasıqları tiykarında rawajlandırıw mu'lkshiliktin' ma'mleketlik emes formalarına o'tiw, mu'lkti ma'mleket qaramag'ınan shıg'arıw, xojalıq ju'ritiwshi subektlerdin' nızamlı xızmetin sho'lkemlestiriwge ayrıqsha itibar berilmekte.

Ha'zirgi waqıtta respublikamız xukimeti tarepinen Aral ten'izi ekologiyalıq krizisi ta'sirinde payda bolg'an qıyın ekologiyalıq jag'dayda xalıqtın' turmısının' jaqsılanıwına, sotsiallıq, ekonomikalıq ma'selelerdi sheshiwge itibar berilmekte.

Prezidentimiz İ.Karimovtın' «O'zbekstan XXI-a'sir bosag'asında: qa'wipsizlikke qa'wipler, turaqlılıq sha'rtleri h'a'm rawajlanıw kepillikleri» shıg'armasında aytıp o'tkenindey «Ha'zirgi waqıtta ekonomikanın' agrar sektorında u'lken xorlar bar. Olardı iske qosıw jaqın waqıt ishinde o'z na'tiyjesin beredi. Pu'tkil ekonomikalıq o'zgerislerdin' juwmag'ı, turaqlılıq h'a'm xalıqtın' keleshegi ko'p jag'ınan tu'p o'zgerislerdin' agrar sektordı ken' qamırap alıwg'a, awılda reformalardı qanshelli teren' alıp barılıwına baylanıslı boladı» dep atap ko'rsetti. Sebebi respublikamızda sanaat o'nimleri tiykarınan awıl-xojalıg'ı o'nimlerin qayta islewge tiykarlang'an bolıp, awıl-xojalıg'ının' rawajlanıwı rayonnın' sotsial-ekonomikalıq ma'selelerine baylanıslı bolmaqta.

Qaniygelik jumısımda rayonnın' qıyın ekologiyalıq sharayatında sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwın boljaw, a'sirese sanaat tarmaqların rawajlandırıwdag'ı mashqalaları, awıl-xojalıg'ı o'nimlerin jetistiriwdegi qıyınshılıqlardın' kelip shıg'ıw sebepleri u'yreniledi.

Pitkeriw qa'niygelik jumısım usı sheshiliwi tiyis bolg'an mashqalalarga bag'ıshlang'an. Respublikamızdın', bazar qatnasıqlarına o'tiw da'wirinde xalıqtın', a'sirese awıl-xojalıg'ının' turmıs sha'rayatın jaqsılaw u'lken ma'mleketlik a'h'miyetke iye. Bul ba'rinen de burın awıl-xojalıg'ı tarawları menen tıg'ız baylanıslı. Sebebi respublikamız ekonomikasının' tiykarın awıl-xojalıg'ı o'ndirisi tutadı, xalıqtın' tiykarg'ı bo'limi awıllıq orınlarda jasaydı.

Awıl-xojalıg'ı xalıq xojalıg'ının' rawajlanıwına tikkeley ta'sir etedi. Sonlaqtan da awıl xojalıg'ındag'ı reformalardın' tabıslı bolıwı xalıq xojalıg'ının' barlıq tarawlarının' tabıslı. rawajlanıwının' tiykarı bolıp esaplanadı. Bul h'aqqında h'u'rmetli Prezidentimiz İ.A.Karimov aytqanınday «Xalıqtın' turmısın jaqsılawdı maqset etip qoyg'an ekenbiz ekonomikalıq reformanı

en’ da’slep awıl xojalıg’ı, awıl turmısı tarmag’ınan baslawımız za’ru’r»[1].

Awıl xojalıg’ında reformalardı ju’rgiziw menen bir qatarda awıllarda ju’da’ ko’plegen mashqalalar toplanıp qaldı. Bularg’a egislik maydanlardın’ meliorativlik awqalının’ jamanlasıwı, materiallıq texnikalıq bazanın’ eskirgenligi, ekonomikalıq qıyınshılıqlar, jan’a ekonomikalıq qatnasıqlarg’a say jumıs alıp bara almawı h’a’m tag’ı basqa faktorlar ta’sir etpekte. Bunday mashqalalar men u’yrengen Shımbay rayonı ushında xarakterli bolıp keledi.

Pitkeriw qaniygelik jumısımnın’ tiykarg’ı maqseti h’a’zirgi ekologiyalık krizis sharayatında sotsial-ekonomikalık rauajlanıwdın’ ayırım ma’selelerin Shımbay rayonı mısalında u’yreniw. Bunın’ ushın biz o’z aldımızg’a birneshe wazıypalardı qoydıq:

- Shımbay rayonının’ ta’biyiy geografiyalıq sharayatların rayon xalqının’ o’siwine, jaylasıwına ta’sirin u’yreniw;
- rayonnın’ payda bolıw tariyxı tuwralı mag’lıwmatlardı analizlew;
- rayon xalıq sanının’ o’siw dinamikasın u’yreniw;
- Xalqı h’a’m miynet resurslarının’ rawajlanıwına ta’sir ko’rsetiwshi faktorlardın’ ta’sirin u’yreniw;
- xalıqının’ jas-jınıs quramındag’ı o’zgerislerdi anıqlaw;
- rayon xalqının’ jumıs penen ba’ntligi mashqalaların u’yreniw;
- xalıqtın’ jumıs penen ba’ntlik da’rejesi h’a’m quramın bah’alaw;

Shımbay rayonı xalqının’ aldag’ı perspektivada rawajlanıwının’ baslı bag’darların anıqlaw h’a’m onın’ menen baylanıslı mashqalalardı sheshiw jolları boyınsha usınıslar islep shıg’ıw

Pitkeriw qaniygelik jumısı kirisiw, 4 bap, juwmaqlaw h’a’m paydalanılg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

Pitkeriw qa’niygelik jumısımdı jazıwda ilimiy basshım h’a’m geografiya kafedrası ag’zalarına bergen metodikalıq ja’rdemleri ushın u’lken minnetdarshılıq bildiremen. Jumısımda jiberilgen qa’te kemshilikler bolsa, aldınan keshirim sorayman.

---

[1]Каримов И.А. Деҳқончилик тараққаиёти фаравонлик манбаи. Тошкент-1994. 3-бет

# I-BAP. RAYONNIN' TABIYIY SHARAYATI H'A'M RESURSLARININ' XALIQ XOJALIQ TARAWLARININ' RAWAJLANIWINA TA'SIRI

## I.1. Rayonnın' geografiyalıq jaylasqan ornı h'a'm shegaraları.

Qaraqalpaqstan respublikası arqadan qublag'a uzaq aralıqqa sozılg'anlıqtan, geografiyalıq ornı boyınsha arqa h'a'm qubla zonag'a bo'lingen. Arqa h'a'm qubla zonada jaylasqan rayonlardın' ta'biyiy sha'rayatlarında aytarlıqtay o'zgeshelikler bar, a'sirese agroklimatlıq sha'rayatları boyınsha ayrıqsha parq qıladı. Agroklimatlıq sha'rayatlardın' o'zgeshelikleri awıl-xojalıg'ı tarawlarının' jaylasıwına tikkeley ta'sir etedi. Demek, h'a'r bir territoriyanın' ta'biyiy sha'rayatının' qa'liplesiwinde geografiyalıq ornı u'lken rol oynaydı. Bunı biz Shımbay rayonı mısalında ko'rip o'temiz. Shımbay rayonı 1927-jılı du'zilip geografiyalıq ornı jag'ınan respublikamızdın' arqa rayonlar zonasına kiredi.

Rayonnın' ulıwma jer maydanı 2198 kv.km. bolıp belgili etaplarda o'zgerip otırg'an. Mısalı, keyingi waqıtta du'zilgen Qarao'zek, Bozataw rayonlarına Shımbay rayonı quramındag'ı bir neshe xojalıqlar bo'linip berilgen. Na'tiyjede rayonnın' jer maydanı, shegaraları o'zgerip otırg'an. 2004-jılı Bozataw rayonının' tarqatılıwına baylanıslı rayonnın' 67734 gektar maydanı Shımbay rayonına qaytarıp berildi. Shımbay rayonı h'a'zirgi waqıtta arqa-batısta, arqada Moynaq rayonı menen, arqa-shıg'ıs h'a'm shıg'ısında Qarao'zek rayonı menen, qubla-shıg'ısı, qubla, qubla-batısında Kegeyli rayonı menen shegaralasadı.

Rayonnın' geografiyalıq jaylasqan ornı salıstırma tu'rde aytarlıqtay qolaylı dep aytıwımızg'a boladı. Onın' No'kis-Taxtako'pir avtomobil jolının' boyında jaylasıwı rayon ekonomikasında u'lken rol oynaydı. Rayon orayı Shımbay qalası barlıq qon'sı rayonlar menen asfaltlang'an avtomobil jolları menen tutasqan. Olar qon'sılas rayonlarg'a shıg'ıw ushın ju'da' u'lken rol oynaydı. Arqada Qazaqda'rya 70 km, qublada No'kis 56 km, shıg'ısta Qarao'zek 20 km.

Rayong'a avtomobil h'a'm temir jol transportı kelemen degenshe ju'k tasıwda Kegeyli kanalınan transportlıq maqsette paydalanılg'an, kishkene kemeler da'slep A'miwda'ryadan Qızketkenge, son' Kegeyli kanalı arqalı Shımbayg'a keletug'ın bolg'an. Kanaldın' eki qaptalında adamlar (saldawshılar) ju'rip, arqan menen kemeni ortag'a tartıp, ju'retug'ın bolg'an.

Avtomobil, keyingi da'wirde rayonda temir jol transportı tarmag'ının' ju'zege keliwi ekonomikalıq jaqtan ju'da' u'lken jetiskenlik boldı. 1974-jılı No'kis-Shımbay temir jolının' iske tu'siwi rayon ekonomikasının' alg'a ilgerilewine o'z ta'sirin tiygizdi. Son'ın-ala, onın' bir

tarmag'ı Shımbay qalasına deyin tartılıp alıp keliniwi Shımbay rayonı ushın g'ana emes, al pu'tkil arqa rayonlar ushın (A'miwda'ryanın' on' jag'alıg'ı) u'lken a'h'miyetke iye boldı. Temir jol kelmesten burın rayong'a keletug'ın h'a'm alıp ketiletug'ın ju'kler: un, qurılıs materialları, neft o'nimleri, awıl-xojalıq o'nimleri, to'ginleri h'a'm basqada ju'kler No'kisten alıp kelinetug'ın bolg'an h'a'm rayonda may zavodı, paxta zavodı, gu'rish zavodı o'nimleri avtomobil transportı arqalı No'kis h'a'm basqa orınlarg'a jiberiletug'ın bolg'an. Ha'zir Shımbaydan basqa jaqlarg'a ju'kler tiykarınan temir jol transportı arqalı tasıladı h'a'm alıp kelinedi.

## I.2. Geologiyalıq du'zilisi, relefi h'a'm klimat sharayatı.

Respublikamızdın' jer betinin' du'zilisi tiykarınan tegisliklerden ibarat ekenligi ma'lim. Sonlıqtan Shımbay rayonının' da jer beti tiykarınan tegisliklerden ibarat bolıp, geografiyalıq ornı jag'ınan Aral aldı deltasında jaylasqan.

Aral aldı deltasında, a'sirese qumlı, sazlı h'a'm sazlı qumlı tegislikler ken' tarqalg'an. Olardın' ko'pshiligi h'a'zirgi waqıtta diyxanshılıq penen ba'nt. Sonlıqtanda bunday tegisliklerdin' jer beti a'yyemgi h'a'm h'a'zirgi waqıttag'ı suwg'arıw tarmaqları menen tilkimlengen. Olardan da basqa, bunday tegisliklerge da'ryanın' a'yyemgi h'a'm h'a'zirgi zaman tarmaqlarının' an'g'arları, qumlı to'beler h'a'm ko'shpeli qumlar ta'n. Olar tiykarınan allyuvial qum sho'gindilerinin' ıdırap bir jerden ekinshi jerge samaldın' ushırıp alıp ketiwi na'tiyjesinde payda bolg'an. Bunday qumlı to'belerdi rayonnın' ayırım jerlerinde ushıratıw mu'mkin.

Rayonnın' batısında Qusxana tawının' bir bo'limi jaylasqan. Qusxananın' ten'iz qa'ddinen biyikligi 138 metr biyiklikte ko'terilip jatır. Jer beti du'zilisinin' tegisliklerden ibarat bolıwı awıl-xojalıg'ı ushın, a'sirese jerlerdi o'zlestiriwde, suwg'armalı diyxanshılıqtı rawajlandırıwda, suwg'arıw tarmaqların iske qosıwda transport tarmaqların h'a'm qurılıslardı salıwda ekonomikalıq jaqtan paydalı keledi. Sebebi jer beti tegis bolıp kelgen rayonlarda jerlerdi o'zlestiriw, tawlı rayonlarg'a salıstırg'anda eki h'a'm onnan da ko'p ese arzang'a tu'sedi. Demek, rayonnın' relefi awıl-xojalıg'ı ko'z-qarasınan biraz qolaylıqlarg'a iye. Rayon aymag'ı tiykarınan tegislikten ibarat. Onı tek suwg'arıw tarmaqları ırashları, ayrım uchastkalalarda qumlı aymaqlar quramalastıradı. Aymaqtın' absolyut biyikligi qublada 70 metrden arqada 53-55 metrge deyin pa'seyedi. Tek rayonnın' Qusxanataw u'stirtliginde absolyut ba'lentlik 100 metrden asadı. Aymaqtın' qıyalıg'ı respublikanın' barlıq aymaqları sıyaqlı h'a'r kilometrge 11-

15 sm di quraydı.

Rayon aymag'ı Turan plitası u'stinde A'miwda'ryanın' alıp kelgen jatqızıqları payda etken tegislikte jaylasqan. Onın' payda bolıwında jas to'rtlemshi h'a'm onnan a'yyemgi bolg'an u'shlemshi da'wir jatqızıqları u'lken rol oynaydı.

Ulıwma rayonnın' relef sharayatı suwg'arıw tarmakların, kollektor-drenaj sistemaların qurıw, jollar h'a'm basqada qurılıslar (turaq jay, sanaat ka'rxanaları h'.t.b.), egislik maydanlardı jobalastırıw h'a'm olardı tegislew jumısların jen'illestiredi, yag'nıy bul jumıslarg'a jumsalatug'ın qarjının' az bolıwın ta'miyinleydi. Biraq bunday sharayat awıl xojalıq egislik maydanlarının' jer astı suwının' ag'ımının' bolmawı na'tiyjesinde meliorativlik h'alatının' jamanlasıwına alıp keledi. Sonlıqtan awıl xojalıg'ı maydanlarında tıg'ız kollektor-drenaj tarmaqların qurıw kerek boldı. Bul jumıslar aytarlıqtay qarjı talap etedi. Demek, releftin' ju'da' tegis bolıwı bir ta'repten payda bolsa ekinshi ta'repten (awıl xojalıg'ı ushın) aytarlıq zıyanıda bar eken.

**Rayonnın' klimat sha'rayatı.** Awıl-xojalıg'ı tarawlarının' qa'nigelesiwi h'a'm jaylasıwı tikkeley agroklimatlıq resurslarg'a baylanıslı. Respublikamızdın' agroklimatlıq sha'rayatların analizlegenimizde arqa h'a'm qubla zonada jaylasqan rayonlar arasında aytarlıqtay o'zgeshelikler bar. Respublikamız quyashlı u'lkeler qatarına kiretug'ınlıg'ı belgili. Jıl dawamında h'a'r bir kvadrat santimetr jerge 140-145 kkal mug'darında quyash nurının' tu'siw mu'yeshi jazda qubla rayonlarda 720351 tuwra kelse, arqa rayonlarda 670551 a'tirapında boladı. Demek, qubla rayonlar arqa rayonlarg'a qarag'anda biraz ıssılıqtı ko'p aladı. Bunı ortasha jıllıq temperatura ko'rsetkishinen ko'rsek boladı.

Arqa zonada jaylasqan Qon'ırat, Moynaq, Shımbay meteorologiyalıq stantsiyalarınan alıng'an mag'lıwmatlarg'a qarag'anda ortasha jıllıq temperatura 9,8-9,9$^0$S a'tirapında bolsa, qubla zonada jaylasqan To'rtku'l meteorologiyalıq stantsiyasında 11,7-12,5$^0$S qa ten'. Suwıq arqa zonada oktyabrdin' u'shinshi on ku'nliginen, qubla zonada noyabrdin' ekinshi on ku'nliginen baslap 4-5 ayg'a sozıladı. Qıs arqa rayonlarda qubladag'ı rayonlarg'a salıstırg'anda 20 ku'ndey burın baslanadı.

Ba'h'a'r ma'wsimi qubla rayonlarda marttın' ortalarında, arqa zonada apreldin' birinshi on ku'nliginde baslanadı. Jaz ma'wsimi qubla rayonlarda may ayının' ortalarında, arqa rayonlarda iyunnin' birinshi on ku'nliginde baslanıp, ol 3,5-4 ay dawam etedi. Ortasha ko'p jıllıq mag'lıwmatlarg'a qarag'anda arqa zonada ba'h'a'rgi ayaz aprel ayının' ortalarında bayqalsa, qubla rayonlarda apreldin' basında bayqaladı. Al gu'zgi ayaz arqa zonada oktyabrdin'

jigirmasınan keyin baslanadı. Demek diyxanshılıqqa qolaylı ku'nler qubla zonada, arqa zonag'a salıstırg'anda 15 ku'nge ko'p h'a'm erte baslanadı. Bul awıl-xojalıg'ı eginlerin jaylastırıwda vegetatsiyalıq da'wirdi h'a'm +10$^0$S joqarı na'tiyjeli temperaturalardın' jıyındısın esapqa alıwdı talap etedi. Onı to'mendegi kesteden bayqasaq boladı.

**1-keste**

**Vegetatsiyalıq da'wirdegi na'tiyjeli temperaturalardın' jıyındısı**

| **Meteorologiyalıq stantsiyalar** | **+10$^0$S tan joqarı na'tiyjeli temperaturalar jıyındısı** | **Vegetatsiyalıq da'wirdegi ku'nler sanı** |
|---|---|---|
| **Arqa zona** | | |
| Shımbay | 1962 | 184 |
| **Qubla zona** | | |
| To'rtku'l | 2275 | 200 |

Kestede ko'rsetilgenindey +10$^0$S tan joqarı na'tiyjeli temperaturanın' jıyındısı arqa zonada 1962$^0$S qa ten' bolsa, qubla zonada bolsa 2275$^0$S qa ten', yag'nıy 300$^0$S a'tirapında parq bar. Al vegetatsiyalıq da'wirdegi ku'nler sanı arqa zonada 183-184 ku'n bolsa, qubla zonada 200 ku'n a'tirapında bolıp, arqa h'a'm qubla zonada jaylasqan rayonlar arasında vegetatsiyalıq da'wir 16-17 ku'nge parq qıladı.

Agroklimatlıq resurslarg'a, sonday-aq atmosferanın' ıg'allanıw da'rejesi K= formulası arqalı anıqlanıladı. Bunda K – ıg'ıllanıw koeffitsienti bolıp, J – jawın-shashın mug'darı menen, P – puwlanıwshılıq mug'darının' qatnasına ten'. Klimatımızdın' keskin kontinentallıg'ın ortasha jıllıq jawın-shashın mug'darına qarag'anda ortasha puwlanıw mu'mkinshiliginin' 15-20 eseden de zıyat ekenligine baylanıslı atmosfera h'awasının' h'a'dden tısqarı qurg'aq ekenliginin' o'zi de da'lilleydi.

Qaraqalpaqstannın' ko'pshilik aymag'ında jawın-shashınlardın' jıl dawamındag'ı bo'liniwi bir qıylı emes. Jıllıq jawın-shashın mug'darının' yarımına jaqını ba'h'a'r aylarında, 1/3-ine jaqını qısta jawadı.

Jıllıq jawın-shashın mug'darı Shımbayda 90 mm. di quraydı. Jıllıq jawın-shashın mug'darının' ma'wsimler boyınsha tarqalıwın to'mendegi kestede berilgen.

**2-keste**

**Ortasha aylıq h’a’m jıllıq jawın-shashınnın’ mug’darı (mm esabında)**

| **Meteorologiyalıq stantsiyalar** | **Qıs** | | | **Ulıwma** | **Ba’h’a’r** | | | **Ulıwma** | **Jaz** | | | **Ulıwma** | **Gu’z** | | | **Ulıwma** | **Jıllıq jawın mug’darı** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **XII** | **I** | **II** | | **III** | **IV** | **V** | | **VI** | **VII** | **VIII** | | **IX** | **X** | **XI** | | |
| Shımbay | 9 | 7 | 12 | 28 | 13 | 13 | 11 | 37 | 5 | 3 | 2 | 10 | 3 | 6 | 6 | 15 | 90 |
| To’rtku’l | 9 | 10 | 11 | 30 | 18 | 14 | 8 | 40 | 4 | 1 | 1 | 6 | 1 | 3 | 6 | 9 | 86 |

Kestede ko’rgenimizdey ortasha jıllıq jawın-shashın mug’darı 86-95 mm a’tirapında, bul ko’rsetkishler ayırım jılları o’zgerip turadı. Usıg’an baylanıslı respublikamızda diyxanshılıq suwg’armalı jol menen alıp barıladı. Respublikamız klimatına Aral ten’izinin’ ta’siri og’ada ku’shli. Aral ten’izi h’awa rayında termoregulyatorlıq xızmetin atqarıp keldi.

Son’g’ı waqıtta Aral ten’izinin’ qurıwı jazdag’ı temperaturanın’ joqarı ko’teriliwine, h’awanın’ qurg’aqlasıw da’rejesinin’ ku’sheyiwine, kısta temperaturanın’ 4-50 to’menlewine, shan’lı-tozan’lı ku’nlerdin’ sanının’ ko’beyiwine alıp kelmekte.

Bul belgili mug’darda respublikamızdın’ agroklimatlıq sha’rayatının’ o’zgeriwine ta’sir etedi. Shımbay rayonının’ agroklimatlıq sharayatına awıl-xojalıg’ı ko’z-qarasınan itibar bergenimizde onın’ qolaylı h’a’m qolaysız ta’replerin esapqa alıwımız kerek. Rayonda vegetatsiyalıq da’wirdin’ 183 ku’n a’tirapında bolıwı h’a’m $+10^0$S tan joqarı na’tiyjeli temperaturanın’ jıyındısı $1968^0$S bolıwı, ıssılıqtı su’yiwshi eginlerdi, a’sirese paxta, salı, ovosh-palız, ot-jemlik eginlerdi egiwge tolıq mu’mkinshilik beredi. Bul jerde qubla rayonlarg’a salıstırg’anda paxtanın’ erte piser «Shımbay-3010», «Shımbay-3104», S-4727 sortların ken’irek egiwimiz kerek. Agroklimatlıq sha’rayatlardın’ ishinde ayırım jıllarda ba’h’a’rgi ayazdın’ kesh tu’siwi, gu’zgi ayazdın’ (qıraw tu’siwdin’) erte bolıwı, ba’h’a’rgi egisten keyingi h’a’m gu’zgi jıyın terim waqtında jawın-shashınlar belgili mug’darda awıl-xojalıg’ına keri ta’sirin tiygizedi. Son’g’ı waqıtta Aral ten’izinin’ qurıwı h’a’m onın’ belgili mug’darda arqa zonanın’ klimatına tiygizip atırg’an ta’sirin esapqa alıwımız kerek. Ulıwma Shımbay rayonında xojalıq tarawların, a’sirese awıl-xojalıg’ı tarawların jaylastırıwda h’a’m rawajlandırıwda rayonnın’ agroklimatlıq sha’rayatın ken’irek u’yrenip, onnan aqılg’a muwapıq paydalanıw jolların o’zlestiriwimiz kerek.

## I.3. Rayonnın' jer-suw h'a'm bioloiyalıq resursları

Jerdi h'a'r ta'repleme jaqsılaw, onın' h'asıldarlıg'ın arttırıw awıl-xojalıg'ın rawajlandırıwdın' en' baslı ma'selelerinen biri bolıp tabıladı. Awıl-xojalıq o'nimlerin jetistiriwdi ko'beytiw, jerden tuwrı h'a'm na'tiyjeli paydalanıw menen tikkeley baylanıslı.

O'zbekstan respublikasının' 1990-jıl 20-iyunda «Jer h'aqqında», 1992-jılı 9-iyulda «Diyxan xojalıg'ı» h'a'm 1993-jılı 6-mayda «Jer salıg'ı» h'aqqında nızamlardın' qabıl etiliwi jer resurslarına bolg'an qatnastı ja'nede ku'sheyttirip jiberdi. Na'tiyjede jerden paydalanıw h'a'm jerge iyelik etiwde jan'a formalar payda boldı. Adamzat ja'miyetinin' barlıq basqıshlarında jer en' a'h'miyetli, onın' ornın h'esh na'rse basa almaytug'ın h'a'm adam o'mir su'riwi ushın o'ndiris quralı sıpatında og'ada kerekli bolıp tabıladı. Demek, jer h'a'zirgi waqıtta da ja'miyettin' rawajlanıwında da, awıl-xojalıg'ında baslı o'ndiris quralı esaplanadı. Shımbay rayonında xalıq xojalıg'ının' baslı tarawı awıl-xojalıg'ı bolg'anlıqtan rayonnın' jer h'a'm topıraq resursları menen ta'miyinlew da'rejesi u'lken a'h'miyetke iye.

Topıraqtanıw iliminin' tiykarın salıwshı V.V.Dokuchaev «topıraq, klimat penen belgili orında derlik ba'rqulla awıl-xojalıg'ı h'a'm ekonomika menen birge boladı, topıraqtı bilmey turıp ekonomikalıq mag'lıwmatlardı tu'siniw mu'mkin emes» degen edi. Jerdin' u'stin'gi o'nimdarlı qabatı topıraq bolıp esaplanadı. Topıraqtın' o'nimdarlıg'ı ma'lim da'rejede onnan xojalıqta paydalanıw protsessinde topıraqqa adamnın' ta'sir ko'rsetiwine baylanıslı boladı. Bul jag'day o'nimdarlıq faktorı sıpatında topıraqtın' quramın o'zgertedi. Ekinshi ta'repten, topıraqtın' potentsiallıq mu'mkinshiliklerinen paydalanıw da'rejesi, diyxanshılıq ma'deniyatına h'a'm awıl-xojalıq o'n'dirisinin' rawajlanıw da'rejesine baylanıslı boladı.

Qaraqalpaqstan aymag'ındag'ı ko'pshilik topıraq qatlamları diyxanshılıq maqsetinde ken' ko'lemde paydalanıp atırg'an basqa topıraqlardan mineral h'a'm organikalıq zatlarg'a jarlılıg'ı menen ajıralıp turadı. Aymaqta jawın-shashın mug'darının' h'a'dden tısqarı az bolıp, al og'an qarag'anda jıllıq puwlanıw mu'mkinshiliginin' bir neshe ese ko'pliginen topıraqtın' betinde ju'da' ko'p mug'darda duzlardın' toplanıp qalıwı respublikamızda ushırasatug'ın topıraqlarg'a ta'n ka'siyetlerdin' biri. Sonlıqtan rayon aymag'ında kebir-shor jerler jiyi-jiyi ushırasadı. Sonın' menen birge h'a'tteki diyxanshılıqqa jaramlı topıraqlardın' quramında da ko'pshilik jag'dayda duzlardın' artıqmash ekenligi sezilip turadı.

Shımbay rayonının' territoriyası tiykarınan deltada jaylasqanlıqtan bul jerde otlaqlı, otlaqlı-taqır, batpaqlı-otlaqlı, kebir topıraqlar ushırasadı.

Otlaqlı topıraqlar rayonnın' h'a'zirgi suwg'arılatug'ın jer qorının' tiykarın quraydı h'a'm diyxanshılıq ushın ken' paydalanılıp atır. Otlaqlı topıraqlardın' a'tirapında ju'da' tar polosada otlaqlı-taqırlı topıraqlar jaylasqan. Olardın' ko'pshilik bo'limi h'a'zirgi waqıtta diyxanshılıq ushın ba'nt.

Batpaqlı-otlaqlı topıraqlar tiykarınan suwg'arıw tarmaqlarının' an'g'arlarına jaqın jaylasqan jerlerdegi biyiklew jer maydanlarında, kishigirim oypatlıqlarda ushıraydı. Batpaqlı-otlaqlı topıraqlarda jer astı suwlarının' jer betine jaqın jaylasıwı xarakterli. Sonlıqtan bul topıraqlar diyxanshılıq ko'z-qarasınan qolaysız esaplanadı. Ha'zirgi waqıtta olar tiykarınan mal jaylauı ushın paydalanıladı.

Batpaqlı-otlaqlı topıraqlardın' meliorativ jag'dayın jaqsılaw boyınsha tiykarg'ı wazıypa, jer astı suwlarının' qa'ddin pa'seytiw, kebirlik jerlerdi shayıp suwg'arıwdan ibarat. Rayon territoriyasında kebirlikler de ko'p ushırasadı.

Diyxanshılıq ko'z-qarasınan u'zliksiz paydalanılıp atırg'an jerlerdi ma'deniy topıraqlar dep ataydı. Olar diyxanshılıq ushın birinshi ret paydalanılıp atırg'an boz h'a'm partaw jerlerdegi topıraqlarg'a qarag'anda respublikamızdag'ı turaqlı h'a'm mol zu'ra'a't bere alatug'ın tiykarg'ı jer qorı esaplanadı.

Rayonda topıraqtan paydalanıw h'a'm awıl-xojalıq eginlerinen mol zu'ra'a't alıw kewildegidey emes. Bug'an bir neshe sebepler bar.

Atap aytqanda topıraqtın' meliorativlik jag'dayın jaqsılawda, onın' o'nimdarlıg'ın arttırıwda agrotexnikalıq qa'delerden durıs paydalanbaw, jergilikli h'a'm mineral to'ginlerden aqılg'a muwapıq paydalanbaw, almaslap egiwdi durıs jolg'a qoymaw h'a'm tag'ı da basqa ma'seleler kewildegidey sheshilmey atır. Bunın' u'stine son'g'ı jıllardag'ı Aral ekologiyalıq mashqalasının' payda bolıwı jerlerdin' duzlanıw protsessinin' artıwına alıp kelmekte. Bul ko'rsetilgen ma'seleler awıl-xojalıg'ın da topıraqtan paydalanıwda u'lken mashqalalardı sheshiw wazıypasın aldımızg'a qoyadı.

**Suw resursları h'a'm baslı irrigatsiyalıq tarmaqlarına kelsek,** jerdegi en' a'yyemgi tsivilizatsiyalar suw deregine jaqın jerlerde payda bolg'an. Onı h'esh qanday shiyki zat penen salıstırıp bolmaydı. Suwsız – tirishilik joq. Suwdı jerdin' qanı dep biykarg'a aytpag'an. Suwdı en' ko'p tutınıwshı awıl-xojalıg'ı bolıp esaplanadı. Ha'zirgi ku'nde du'nya ju'zinde 240 mln.ga jerler suwg'arılıp egiledi. Du'nya ju'zi boyınsha 1 ga jerden suwg'arıw ushın 8-12 mın' $m^3$ suw sarp etiledi, 1 ga salı ushın 12-18 mın' $m^3$ suw kerek, 1 tonna paxta jetistiriw ushın 10 mın' $m^3$ suw za'ru'r. Qaraqalpaqstanda awıl-xojalıg'ının' rawajlanıwı, suwlandırıw, jerden durıs

paydalanıw da'rejesine baylanıslı. Sebebi jer beti tek g'ana suwg'arılıp egiwge tiykarlang'an bolganlıqtan irrigatsiyanın' a'h'miyeti u'lken. Sonlıqtan respublikamızda suwlandırıw ma'selesine ko'p qarjılar jumsalmaqta. 1937-39-jılları Shımbay suwlandırıw qurılısın joybarlastırıwdı a'melge asırıp, Qızketken kanalı h'a'm onın' sag'asında suw bo'listirgish qurılısı pitkerildi. Qızketken kanalı No'kis, Kegeyli, Shımbay, Qarao'zek, Taxtako'pir rayonların suw menen ta'miyinlewdi a'dewir jaqsıladı. Shımbay rayonı respublikamızdag'ı paxtashılıq, g'a'lleshilik h'a'm salıgershilikke qa'nigelesken rayonlar qatarına kiredi. Ha'zir rayon boyınsha 53 mın' ga. dan aslam jer fermerlerge berilip, suwg'armalı egislik jer retinde paydalanılmaqta. Bul ulıwma rayon jer fondının' 25-26%-tin quraydı. Rayonda diyxanshılıqtın' ma'deniyatın ko'teriwde, jerdin' meliorativlik jag'dayın jaqsılawdın' bir qansha ila'jları islenbekte. Shımbay rayonı aymag'ınan eki u'lken magistral KS-1, KS-3 kollektorları qurıldı. KS-3 kollektorı 1966-jılı paydalanıwga tapsırılıp, 105 km uzınlıqta 38759 ga jerdin' izey suwın sekundına 14-15 m3/sek quwatlıqta qurıldı, al KS-1 kollektorı 1967-jılı paydalanıwg'a berilip, ulıwma uzınlıg'ı 122 km bolıp, 47551 ga ko'lemdegi jerdin' izey suwların 22,8-37,2 m3/sek quwatlıqta qurılıp islep tur. Sonday-aq xojalıqlar-aralıq kollektorlar 1562 km bolıp, paxtashılıq zonasında 28,8 p/m bir gektar jerge, al salıgershilik xojalıqlarında 51,7 p/metrdi quraydı. Biraqta ayırım jerlerdegi izeykeshler tolıq islemey atır, sebebi izeykeshlerge remont jumıslarının' jetkiliksiz da'rejede to'men alıp barılıwı na'tiyjesinde ko'pshilik orınlarda olar izey suwlardı ag'ıza almaytug'ın da'rejege shekem kelip jetti. Bul ko'p qarjılardı talap etedi. Rayonnın' tiykarg'ı awıl-xojalıq jerlerin suw menen ta'miyinlewshi «Qızketken» kanalınan sag'a alıwshı «Kegeyli» kanalı bolıp tabıladı. Bul kanaldın' quwatlılıg'ı 1960-jıllardan burın 50 m3/sek. tan aspag'an bolsa, 1979-80-jıllarg'a kelip onın' quwatlılıg'ı sekundına 100-120 m3 suwdı o'tkeriw da'rejesine jetti. Kanaldın' ulıwma uzınlıg'ı 54 km, onda tiykarınan u'lken eki tarnaw bolıp, sol arqalı retlestiriledi. Rayondag'ı basqa magistral, xojalıqlar-aralıq kanallar h'a'm olardın' suw o'tkeriw qabileti, suwg'aratug'ın jer ko'lemi qaysı xojalıqlarg'a xızmet etetug'ınlıg'ı tuwralı mag'lıwmat to'mendegi kestede berilgen. Bul kanallardın' ishinde en' u'lkeni Mayjap kanalı bolıp, suw o'tkeriwshilik qa'bileti 60-70 $m^3$ suwdı sekundına o'tkere aladı. Rayon boyınsha suw resurslarınan tolıq paydalansaq egislik jerlerdin' maydanın 50-60 mın' gektarg'a jetkeriw mu'mkinshiligi bar. Biraq ayırım jılları suw resurslarının' jetispewshiligi sezilmekte. Sonday-aq jerlerdin' meliorativlik jag'dayı to'men. Egislik jerlerdin' shorlanıw da'rejesi joqarı. Sonlıqtan rayonda suwg'armalı diyxanshılıqtı rawajlandırıwda suw resurslarınan aqılg'a muwapıq paydalanıw boyınsha anıq ila'jlar ko'rip shıg'ıwımız kerek.

**3-keste**

**Shımbay rayonı suwg'arıw tarmaqları**

| **Kanallar, jap-salmalar atı** | **Suwg'aratug'ın xojalıq atı** | **Uzınlıg'ı** | **Suw o'tkeriw uzınlıg'ı** | **Jer ko'lemi ga** |
|---|---|---|---|---|
| Kegeyli | Shımbay rayonı | 54 km | 100-120 | 41000 |
| Mayjap | Qızılo'zek, Mayjap, P.Seytov | 30 | 70 | 17000 |
| Oraz-jap | Baxıtlı | 20 | 15 | 5000 |
| Abat-jap | Baxıtlı, Taza-jol, Bozataw | 33 | 22 | 2000 |
| Qan'lı-jap | Ken'es, Shımbay, U.Yusupov | 17,9 | 10,0 | 10 000 |
| Bes-jap | Ken'es, Shımbay | 36 | 20 | 4100 |
| Shoq arıq | Q.Awezov | 22 | 2,0 | 700 |
| Tag'-jap | Q.Awezov, Shımbay | 4,2 | 2,5 | 800 |
| Artel-jap | Qamıs-arıq | 18,5 | 8,5 | 1500 |
| Orjap | Qamısarıq, Baxıtlı | 19 | 7 | 680 |
| Qamısarıq kanal | Qamısarıq | 22 | 8 | 1500 |

Egislik jerlerdin' strukturasında suwdı az talap etetug'ın maydanın ken'eytiw arqalı almaslap egiwdi durıs jolga qoyıw h'a'm bul arqalı xalıqtın' awıl-xojalıq o'nimine bolg'an talabın jaqsılaw za'ru'r. Sonday-aq mal sharwashılıg'ının' ot-jemlik bazasın bekkemlew u'lken a'h'miyetke iye. Rayon territoriyasında jer astı suwlarının' da aytarlıqtay zapası bar. Jer astı suwların ku'ndelikli turmısta ishimlik suw retinde h'a'm jaylawlardı suwlandırıwda ken'irek paydalanıwg'a boladı. Sonday-aq rayon territoriyasındag'ı kollektor-drenaj suwların arqa ta'reptegi jaylawlardı suwlandırıwda tolıq paydalanıwg'a boladı. Bul rayonda mal sharwashılıg'ın jaylaw menen ta'miyinlewdi jaqsılaydı.

Degen menen Shımbay rayonında jer-suw resurslarınan paydalanıwda biraz mashqalalar bar. Rayonda suwg'arılıp egiletug'ın jerlerdin' meliorativlik jag'dayı to'men. Ortasha h'a'm ku'shli shorlang'an jer ko'lemi 80%-ten artıg'ın qurap turg'an bir waqıtta, kollektor-drenaj tarmaqları h'a'r gektar jerge 30 p/m.den tuwra kelgeni menen olardan paydalanıw da'rejesi kewildegidey emes.

Rayon diyxanları aldında turg'an baslı wazıypa jerlerdin' meliorativ jag'dayın jaqsılaw boyınsha kompleksli ila'jlar islep shıg'ıw, yag'nıy kollektor-drenajlardı tazalaw h'a'm jerlerdi shayıp suwg'arıw arqalı jerlerdin' shorlanıw da'rejesin jaqsılaw, almaslap egiwdi durıs jolg'a

qoyıw, egislik jerlerdin' stukturasında suwdı az talap etetug'ın eginlerdi ken'nen egiw h'a'm tag'ı basqa ila'jlardı a'melge asırıw baslı wazıypalar qatarına kiredi.

**O'simligi h'a'm h'aywanat du'nyası.** O'simlik qatlamı landshaftlardın' jag'dayın, olardag'ı o'zgerislerdi ko'rsetiwshi anıqlag'ısh (indikator) xızmetin atqaradı. Aymaqtın' o'simlik du'nyasının' jag'dayına qarap basqa ta'biyiy komponentlerdin' jag'dayına bah'a beriwge, olardın' keleshegin belgilewge mu'mkinshilik tuwadı.

Rayonnın' ot-sho'p resursları rayon sharwashılıg'ın rawajlandırıwda u'lken rol oynaydı. Sebebi sharwashılıq ushın qısqa tayarlanatug'ın ot-sho'p bazasının' 65-70%-i ta'biyiy jabayı ot-sho'p resurslarınan tayarlanadı.

Shımbay rayonında ko'ller h'a'm jap salmalar, izeykesh-drenaj tarmaqlar boyında, atız shellerinde ta'biyiy o'simliklerden qamıs, jeken, partaw jerlerde h'a'm jap salmalar boyında jantaq, boyan, urıq h'a'm tag'ı basqada mal sharwashılıg'ı ushın a'h'miyetli ta'biyiy o'simlikler o'sedi. Putalardan jın'g'ıl, qarabaraq, jigildikler ken' tarqalg'an. Rayon jaylawlarında putalı, putalı-tog'aylı, tog'aylı-putalı h'a'm tog'aylı assotsatsiyalarda ushıraydı.

Shımbay rayonı aymag'ının' o'zlestirilgen maydanında A'miwda'rya deltasındag'ı tog'ay komplekslerinde ushırasatug'ın ko'pshilik h'aywanat du'nyası wa'killeri ushırasadı.

Su't emiziwshi jırtqısh h'aywanlardan shag'al, jabayı shoshqa, porsıq, tu'lkiler jasaydı. Olardan shag'al h'a'm porsıqlar ken' tarqalg'an bolıp, elatlı punktler arasında da jiyi ushıraydı. Basqa su't emiziwshilerden qoyan, terisi ushın joqarı bah'alanatug'ın ondatralar (kollektorda) jasaydı.

Quslardan g'az, .u'yrek, aq quw, qutan, qasqaldaq, karlıg'ash, qurqıltay h'a'm basqada ko'plegen quslar ma'wsimli tu'rde jaz aylarında ushıp keledi. Basqa turaqlı jasaytug'ın tu'rlerden qırg'awıl, kepter, qumırı, bayıwlı, toqıldawıq, torg'aylar, qara h'a'm ala garg'a, h'a'kke, shımshıq, qırg'ıy qusag'anlardı keltiriwge boladı. Keyingi da'wirde awg'an maynası atlı torg'ay tu'ri ken' tarqalmaqta. Bul qus tu'rli awıl-xojalıq eginlerine, a'sirese ju'zim miywesine zıyanı ku'sheyip barmaqta.

Rayon aymag'ında jer bawırlawshılardan kesirtkelerdin' h'a'm jılanlardın' bir neshe tu'ri ushırasadı. Kemiriwshilerdin' wa'killerinen u'y tıshqanı, balpaq tıshqan qusag'an birneshe tu'ri ushırasadı.

Shımbay rayon suwları iri kollektor, izeykeshler h'a'm ko'llerinde balıqlardın' birneshe tu'ri ushırasadı. Olardan jergilikli balıqlardan sazan, aqmarqa, ılaqa, sıla ken' tarqalg'an. Basqa aymaqlardın' suwlarınan alıp kelingen balıqlardan aq amur, tolstolobik, jılanbas ju'da' ko'p

ushırasadı.

# II-BAP. ShIMBAY RAYONININ' SOTsİAL-EKONOMİKALIQ RAWAJLANIWINA SIPATLAMA

## II.1. Rayonnın' jer fondı, awıl-xojalıg'ı tarawlarının' jaylasıwı ha'm rawajlanıwı

**Rayonnın' jer fondı**. Awıl-xojalıg'ı o'ndirisinin' rawajlanıwında baslı faktorlardan joqarı kvalifikatsiyalı kadrlar menen ta'miyinlew suw resursların waqtında jetkerip beriw h'a'm u'zliksiz ta'miyinlew, mashina-traktor parkinin' is o'nimdarlıg'ın arttırıw, ishki mu'mkinshiliklerden paydalanıw arqalı awıl-xojalıg'ı tarawların, a'sirese suwdı az talap etetug'ın diyxanshılıq tarawların rawajlandırıw maqsetke muwapıq esaplanadı. Rayon ko'lemli jer fondına iye bolıp to'mendegi kestede rayonnın' jer fondı h'a'm onın' kategoriyalarg'a bo'liniwi h'aqqında mag'lıwmat berilgen.

**4-Keste**

**Shımbay rayonı jer fondı h'a'm onın' kategoriyalarg'a bo'liniwi**

| № | Jer fondı kategoriyaları | Ga esabında | % esabında |
|---|---|---|---|
| | Barlıq jer fondı | 219813 | 100,0 |
| 1. | Sonnan: Awıl-xojalıg'ına jaramlı jerler | 148543 | 67,5 |
| a) | Usınnan: egislik maydanlar | 41117 | 28,6 |
| | Usınnan: egilgen maydanlar | 19700 | 13,3 |
| b) | Ko'p jıllıq ag'ashlar | 185 | 0,1 |
| v) | Boz jerler | 2543 | 1,7 |
| g) | U'y qaptalı uchastkaları | 4367 | 2,9 |
| d) | Jaylawlar | 81092 | 54,5 |
| e) | Kanallar, izeykeshler, drenajlar astındag'ı jerler | 11120 | 7,4 |
| j) | Qala h'a'm imaratlar astındag'ı jerler | 6611 | 4,4 |
| 2. | Paydalanılmay atırg'an jerler | 71270 | 32,5 |

***Qaraqalpaqstan Respublikası jer resursları basqarması mag'lıwmatı tiykarında du'zildi.**

Rayon boyınsha jer resurslarınan maqsetke muwapıq paydalanıw; jer resurslarının' effektivligin arttırıw maqsetinde rayonnın' jer fondı u'lken orın tutadı. Joqarıdag'ı keste mag'lıwmatların analizlegenimizde rayonnın' ulıwma jer fondı 219813 gektardı quraydı. Rayong'a Bozataw rayonınan qosılg'an maydannın' tiykarg'ı bo'limi egislik maydanlar emes. Sonlıqtan rayon jer fondında auıl xojalıg'ına jaramlı jerler ulıuma jer fondının' 67,5% tutadı.

Usınnan egislik maydanlar 41117 gektardı quraydı. 2000-2001-jılg'ı suwsızlıqtan keyin rayon jer fondının' egilgen maydanları 19,7 mın' ga tutadı. Rayon aymag'ının' yarımınan aslamı jaylaw fondı, 4,3 mın' ga, yag'nıy 2,9% u'y qaptalı uchastkaları esaplanadı. Rayonnın' Bozatawdan qosılg'an Qaraqalpaq aymag'ı tiykarınan Qusqana tawı menen ajıralıp turadı. Degen menen rayon aymag'ının' 32,5%, yag'nıy 71 mın' ga maydanı awıl-xojalıg'ına jaramsız jer dep ju'rgiziledi. Aldag'ı waqıtta suw resurslarınan u'nemli paydalanılsa awıl-xojalıg'ına jaramlı jerlerdi arttırıw imkaniyatına iye.

**Awıl-xojalıg'ı tarawlarının' jaylasıwı xəm rawajlanıwı.** Respublikamızdın' bay ta'biyiy geografiyalıq sha'rayatları awıl-xojalıg'ının' ko'p tarmaqların, əsirese jıllılıqtı ko'p talap etetug'ın tarawlardı rawajlandırıwg'a qolaylı esaplanadı. Respublikamız xalqının' yarımınan ko'biregi awıllıq jerlerde jasap tikkeley awıl-xojalıg'ı menen shug'ıllanadı.

Ha'zirgi waqıtta h'u'kimetimizdin' agrarlıq siyasatı awıl-xojalıg'ı tarawların bunnan bılayda rawajlandırıw, sonday-aq awıl-xojalıg'ı tarawların jan'a usılda mexanizatsiyalaw jan'a texnikalar menen, mineral to'ginler menen ta'miyinlewge qaratılg'an. Son'g'ı jılları respublikamız rayonlarında sırt el texnikaları ken'nen paydanılmaqta. Awıl-xojalıg'ı tarawların intensifikatsiyalaw, intensiv texnologiyanı a'melge asırıw boyınsha biraz jumıslar islenbekte. Degen menen respublikamızdag'ı siyaqlı biz izertlep atırg'an Shımbay rayonında da qıyın ekologiyalıq sharayatta awıl-xojalıg'ı jumısların alıp barmaqta.

Prezidentimiz shıg'ıp so'ylegen so'zlerinde awıl-xojalıg'ına baylanıslı ko'p ma'seleler bayanlanbaqta. Solardın' biri agrosanaat tarawların shiyki zat bazasına jaqınlatıw, awıllıq jerlerde kishi ka'rxanalar qurıw kerek dep atap o'tken edi. Bul o'z gezeginde awıllıq orınlarda miynet resurslarınan ratsional paydalanıw, artıqmash miynet resursların jumıs penen ta'miyin etiw imkanın beredi. Bul protsess rayon xojalıqlarında da a'melge asırılmaqta.

Rayon aymag'ı jer betinin' tegis bolıp keliwi awıl-xojalıg'ında mexanizatsiyanı ken' qollanıwda, ta'biyiy otlaqlı jaylawlarda mal sharwashılıg'ın rawajlandırıwg'a imkaniyat jaratadı. Rayonda qubla rayonlarg'a salıstırg'anda 10-15 ku'nge vegetatsiyalıq da'wirdin' qısqa bolıwına qaramastan diyxanshılıqtan mol o'nim alg'an təjiriybeli diyxanlar elatı esaplanadı. Olardan: paxtashılıq tarawınan miynet qah'armanları Sh.Musaev, A.Saparbaeva, E.Bekbawliev h'a'm olardın' sha'kirtlerin atawg'a boladı.

Ha'zirgi ku'nge deyin rayonda diyxanshılıq ma'deniyatın arttırıw boyınsha bir qatar jumıslar atqarıldı. Olardan Aral ten'izinin' qurıg'an maydanları astınan ko'terilgen shan'-tozan'lardın' rayonnın' egislik maydanlarına tu'siwi na'tiyjesinde jerlerdin' ku'shli shorlanıw

da'rejesi artpaqta. Sonlıqtan ekologiyalıq qıyın sharayatta awıl-xojalıg'ınan joqarı o'nim alıw maqsetinde rayonda irrigatsiyalıq tarmaqlardı jaqsılaw boyınsha ko'plegen jumıslar islengen, ko'plep kollektor-drenaj tarawları qurılg'an.

Degen menen rayon aymag'ında suw resurslarınan u'nemli paydalanıw mashqalası to'men bolıp, ishki jap-salmalardı ishki kollektor tarmaqların tazalaw, jan'adan iske qosıw, qarjılandırıw h'a'm texnika mashqalalarına baylanıslı to'men jag'dayda rayon aymag'ında suwg'armalı maydanlardın' kompaktli jaylaspawı sebepli xojalıq aymag'ındag'ı kollektor-drenaj tarmaqlarının' effektivligi az. 2000-2001-jıllardag'ı suw tamtarıslıg'ı sebepli egilmey qalg'an burıng'ı egislik maydanları diyxanshılıq aylanısına ele tolıq qosılmag'an.

**Diyxanshılıq tarawlarının' jaylasıwı h'a'm rawajlanıwı**. Ha'zirgi waqıtta respublikamızdın' awıl-xojalıg'ı xalıq xojalıg'ının' jetekshi tarawı esaplanıp, a'h'miyetli orın tutpaqta. U'lkemiz ta'biyiy sha'rayatının' qolaylılıg'ı awıl-xojalıg'ının' ko'plep tarmaqların, a'cirese jıllılıqtı ko'p talap etiwshi tarmaqlardı rawajlandırıwg'a qolaylıqlar tuwdıradı.

Rayon sha'rayatında diyxanshılıqtın' o'zine ta'n o'zgesheliklerinen biri respublikamızdın' qubla rayonlarına salıstırg'anda ba'h'a'rdin' kesh keliwi, gu'zgi ayazdın' erte tu'siwi, sonın' menen birge topıraqtın' quramında shirindi mug'darının' az bolıwı h'a'm ku'shli, orta shorlang'an jerlerdin' ko'p bolıwı bolıp tabıladı. Onın' u'stine ayırım jılları suw resurslarının' jetispewshiligi h'a'm ta'biyat qıyınshılıqları diyxanshılıqtan alınatug'ın zu'ra'a'tlilikti a'dewir kemeytedi. Rayonnın' diyxanshılıg'ında jetekshi taraw paxtashılıq, da'nli eginler jetistiriw sonın' menen birge ovosh-palız, ot-jemlik eginler bolıp tabıladı.

Rayonnın' diyxanshılıq strukturasında da'stu'riy tu'rde paxta tiykarg'ı orın tutqan bolsa, h'a'zirgi waqıtqa kelip onın' u'lesi ulıwma egislik maydannın' 30%-in quraydı. Rayon diyxanshılıg'ında jetekshi orındı da'nli eginler jetistiriw tutadı. Respublikamız g'a'rezsizlikten keyin da'nli eginler jetistiriwge itibar ku'sheytilip, onın' u'lesi jıldan-jılg'a artıp barmaqta. Rayonda ele egislik jerlerdin' maydanın arttırıwg'a mu'mkinshilikler bar. Bunın' ushın suw resurslarınan effektiv paydalanıwımız kerek.

Rayon boyınsha awıl-xojalıq o'nimlerin jetistiriw boyınsha mag'lıwmat 10-kestede berilgen. Keste mag'lıwmatlarınan rayondag'ı diyxanshılıq h'a'm sharwashılıq tarawlarının' rawajlanıwın analizlegenimizde tiykarg'ı diyxanshılıq o'nimleri esaplang'an paxta, biyday jetistiriw boyınsha 2009-jılı 2006-jılg'a salıstırg'anda egislik maydanı boyınsha da, ulıwma o'nim boyınsha da kemeyip ketkenligin ko'remiz. Mısalı, ko'rsetilgen jıllar ishinde danli eginler 61,2%-ti, paxta jetistiriw 83,5%-ti qu'radı. Usı jıllar ishinde rayon diyxanshılıg'ında ayırım

tarawlarda o’nim ko’lemi birneshe ese artqanlıg’ın ko’remiz,olardan palız o’nimleri 143,2%-ke, baxsha o’nimleri 142,5%-ke, al miywe jetistiriw 2,5 esege artqan. Biraq suwsızlıqtın’ aldın’g’ı jıllardag’ı ko’rsetkishlerge ele jete almay atır.

**5-Keste**

**Shımbay rayonı boyınsha awıl-xojalıg'ı tarawları o'nimlerin jetistiriw ko'rsetkishleri**

| № | Diyxanshılıq o'nimleri | 2006-jıl | | | 2009-jıl | | | 2006-jılg'a salıstırg'anda % esabında |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | maydanı | zu'ra'a't-ligi | ulıwma o'nim | maydanı | zu'ra'a't-ligi | ulıwma o'nim | |
| | | ga esab. | ts. esab. | t. esab. | ga esab. | ts. esab. | t. esab. | Ulıwma o'nim boyınsha |
| 1. | Da'nli eginler | 7907 | 26,1 | 20653 | 4058 | 32,1 | 12643 | 61,2 |
| 2. | Paxta | 5793 | 16,3 | 8989 | 5000 | 15,0 | 7506 | 83,5 |
| 3. | Kartoshka | 144 | 68,8 | 991 | 203 | 43,3 | 880 | 88,7 |
| 4. | Baxsha | 636 | 69,6 | 3646 | 519 | 100,2 | 5198 | 142,5 |
| 5. | Palız | 673 | 57,3 | 2959 | 340 | 124,7 | 4239 | 143,2 |
| 6. | Taza miywe | 91 | 33,8 | 307 | 122 | 63,6 | 777 | 2,5ese |
| 7. | Ju'zim | 16 | 62,3 | 100 | 23 | 50,0 | 115 | 115,0 |
| 8. | Go'sh (tiriligi) t. | | | 2952 | | 3629 | | 122,9 |
| 9. | Su't (t.) | | | 7906 | | 9509 | | 120,2 |
| 10 | Ma'yek (mın' dana) | | | 1581 | | 2156 | | 136,3 |
| 11 | Ju'n (t.) | | | 27,6 | | 28,6 | | 103,6 |

**Shımbay rayonı sotsial-ekonomikalıq pasportı, 2010-j. 1-yanvar mag'lıwmatları**

Bunın' baslı sebebi egilmey qalg'an egislik jerlerdin' diyxanshılıq aylanısınan shıg'ıp qalg'anlıg'ı, jerlerdin' ku'shli shorlanıwı, suw resurslarının' diyxanshılıqqa kerekli periodta u'ziliske tu'siriwi, suwlardın' meniralizatsiya da'rejesinin' joqarılıg'ı kanallardın' suw o'tkiziw mu'mkinshiliginin' to'menligi, texnikalardın' jetispewshiligi h'.t.b. sebeplerge baylanıslı bolıp otır. Rayonda ma'mleketke go'sh, su't, ma'yek, ju'n tapsırıw ko'rsetkishleri de son'g'ı 3 jılda birqansha artqanlıg'ın ko'remiz.

**Paxtashılıq.** Rayonnın' en' baslı qa'niygelesken tarawlarının' biri paxtashılıq esaplanadı. Paxta rayonnın' h'a'zirgi egislik maydanlarının' 30%-in (2009-j.) iyeleydi. Rayonnın' awıl-xojalıg'ın bunnan bılayda rawajlandırıwda islengen bir qansha ila'jlardın' na'tiyjesinde, h'awa rayının' qolaysızlıg'ınan payda bolıp atırg'an qıyınshılıqlarg'a qaramastan paxtashılıqtı rawajlandırıw u'lken a'h'miyetke iye bolıp qalmaqta. Sebebi paxtashılıq basqa diyxanshılıq tu'rlerine qarag'anda ko'p daramatlı taraw esaplanadı h'a'm respublikamızdı sol siyaqlı rayonnın' da qa'niygelesken tarawı esaplanadı.

Paxtanın' zu'ra'a'tligin arttırıwda mexanizatsiyanın', ximizatsiyanın' h'a'm melioratsiyanın' rolin ku'sheytiw belgili da'rejede o'nimnin' ko'leminin' artıwına o'z ta'sirin tiygizbekte. Biraq bul paxtashılıqtı ele de bolsa jeterli emes.

Rayonda paxtashılıqtın' rawajlanıwındag'ı ayırım qıyınshılıqlar Aral dag'darısına baylanıslı egislik jerlerdin' meliorativlik jag'dayının' to'menlewine, xojalıqlar arasında ekonomikalıq qatnasıqlarg'a baylanıslı bolmaqta. Bul ulıwma rayonda paxtashılıq tarawlarının' na'tiyjeliliginin' pa'seyiwine h'a'm jıllıq o'nimnin' azayıwına alıp kelmekte. Sonlıqtan awıl-xojalıg'ı o'n'dirisin agrar sanaatlıq usılga o'tkeriw, onın' materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew u'lken a'h'miyetke iye.

Atap aytqanda mineral to'ginlerdi jıldan-jılg'a ko'beytiw, o'ndiristi texnika menen ta'miyinlewdi jaqsılaw, iri suw xojalıg'ı jumısların iske asırıw arqalı kollektor-drenaj tarawların ken'eytiw jerdin' meliorativ jag'dayın jaqsılawg'a ayrıqsha itibar beriw kerek. Awıl-xojalıg'ında islewshi jumısshılardı xoshametlew h'a'm basqa da ila'jlar a'melge asırg'an jag'dayda g'ana paxtashılıqtan mol zu'ra'a't alınadı.

Shımbay rayonı respublikamızdag'ı paxtashılıqqa qa'niygelesken rayonlar qatarına kirip, respublikada jetistirilgen paxtanın' 5-6% beredi. Biraq paxtadan alıng'an o'nim zu'ra'a'tliliktin' artıwınan emes, al egislik maydanlardın' artıwınan bolıp otır. Yag'nıy ekstensiv jol menen rawajlanbaqta.

**6-Keste**

**Shımbay rayonı boyınsha paxtashılıqtın' rawajlanıw dinamikası**

| № | Jıllar | Egislik maydanı (ga) | Ulıwma o'nim (t.) | Zu'ra'a'tlilik (ts.) |
|---|---|---|---|---|
| 1. | 2001 | 1765 | 1182 | 6,6 |
| 2. | 2002 | 1923 | 734 | 3,8 |
| 3. | 2003 | 3840 | 2192 | 5,7 |
| 4. | 2004 | 3878 | 7754 | 20,0 |
| 5. | 2005 | 5571 | 9677 | 17,4 |
| 6. | 2006 | 5793 | 8989 | 16,3 |
| 7. | 2007 | 5351 | 6264 | 11,7 |
| 8. | 2008 | 5568 | 6680 | 12,0 |
| 9. | 2009 | 5000 | 7506 | 15,0 |
| 10 | 2010 | 4962 | 7486 | 15,9 |
| 11 | 2011 | 4600 | 8600 | 18,6 |

Joqarıdag'ı 6-keste mag'lıwmatların analizlegenimizde rayonda paxtashılıqtın' zu'ra'a'tliginin' kemeyiwi tiykarınan 1990-jıllarg'a tuwra keledi. Rayonda paxtashılıqtın' kemeyiwine tiykarg'ı sebeplerden Aral ten'izi suwının' kemeyiwi na'tiyjesinde ten'izden ko'terilgen duzlı shan'lardın' esabınan topıraqtın' shorlanıwına alıp keldi. Aral ten'izi qurıwı na'tiyjesinde klimat sharayatının' o'zgeriwine,suw resurslarının' azayıwı h'a'm t.b. sebepler ku'shli ta'sir etti.

Rayon paxtashılıg'ının' o'siw dinamikası 1991-jıllarg'a salıstırg'anda ayırım jıllar ishinde egislik maydanları, zu'ra'a'tlilik keskin kemeygenligin ko'remiz. Mısalı, 1991-jılı egislik maydan 10565 gektardı qurasa keyingi 20 jıldın' ishinde paxtanın' egislik maydanları eki esege qısqarg'anlıg'ın ko'remiz. Al 2001-2002-jılları 1991-jılga salıstırg'anda paxtanın' ulıwma egislik maydanları 16-18,2%-i tutqan. Usı ko'rsetilgen jıllar ishinde zu'ra'a'tlilikte bir qansha to'menlegen, yag'nıy 1991-jılı h'a'r gektardan 16,7 ts. tutqan bolsa, 2000-jılı 6,6 ts., 2001-jılı 6,6 ts., 2002-jılı 3,8 ts., al 2004-jılı ortasha rayon boyınsha h'a'r gektardan 20,0 tsentnerden o'nim aldı. Suwsızlıqtan keyingi jılları paxtadan alıngan o'nim h'am jıldan-jılg'a artpaqta. Degen menen ulıwma o'nim ko'lemi 1991-jıllarg'a salıstırg'anda nebarı 66,6%-ti quraydı.

Rayon boyınsha o'tken 2010-awıl-xojalıq jılında 5012 gektarg'a paxta egilip, usınnan 7486 tonna o'nim alındı. Zu'ra'a'tlilik 14,9 tsentnerdi quradı. Keyingi jılları rayon paxtadan ma'mleketlik jobanın' orınlanıwı qıyıng'a tuspekte. Rayonda diyxanshılıg'ında mu'lktin'

formalarının' o'zgeriwi, egislik jerlerdin' fermer xojalıqlarına bo'lip beriliwi, jerge bolgan itibardı ku'sheytpekte. Tilekke qarsı respublikamızdag'ı fermer xojalıqları mayda fermer xojalıqları esaplanadı. Sebebi olarg'a ajıratılg'an egislik maydan 5-50 gektar aralıg'ında. Al rawajlang'an ma'mleketlerde fermer xojalıqlarının' jer maydanı keminde 1000 gektardı quraydı, yag'nıy fermer qansha daramat ko'p tapsa, sonsha diyxanshılıq ma'deniyatın jaqsılawg'a talpınadı.

Ulıwma alg'anda Shımbay rayonı fermer xojalıqlarında paxtashılıqtı rawajlandırıw ushın imkaniyatlar jetkilikli. Salıstırmalı qolay sharayat klimat, topıraq, qaniygeli kadrlar jetkilikli esaplanadı.

Degen menen elede rayonda paxtashılıq tarawında agrotexnik talaplarg'a itibar berilse, agrotexnik talaplar tiykarında alıp barılsa, fermer xojalıqlarının' materiallıq, materiallıq-texnikalıq bazası jaqsılansa, almaslap egiw jolga qoyılsa, ele de rayonnın' qıyın ekologiyalıq sharayatında paxtashılıqtan ulıwma awıl-xojalıg'ınan joqarı o'nim alıw imkaniyatına iye.

**G'a'lleshilik**. Shımbay rayonı respublikamızdag'ı g'a'lleshilikke, sonın' ishinde salıgershilikke qa'nigelesken rayonlar qatarına kirip, rayon tikkeley salıgershilikke qa'nigelesken rayon esaplanadı. Degen menen keyingi jıllardag'ı ekologiyalıq jag'daydın' keskinelesiwi, a'sirese suw resurslarının' jetispewshiligi na'tiyjesinde derlik 2000-jıllardan keyin rayonnın' salıgershilikke qa'niygelesken xojalıqlarında ma'mleket ta'repinen buyırtpa tiykarında salı egilmedi. Tek ayırım xojalıqlar h'a'm fermerler ishki mu'mkinshiliklerinen kelip shıg'ıp salı etpekte.

Ha'zirgi waqıtta rayon g'a'lleshiliginde biyday jetistiriw u'lken a'h'miyetke iye. Biyday en' a'h'miyetli azıq-awqatlıq egin bolıp, adamlar ta'repinen ko'p paydalanıladı h'a'm toqshılıqtın' girewi esaplanıladı. Ha'mme da'nli eginlerdin' girewli, ornı bar, biraq basqa da'nli eginler biydaydın' ornın basa almaydı. Sebebi biydaydın' quramında beloktın' salıstırma salmag'ı joqarı.Biyday da'nli eginler arasında en' ko'p egiletug'ın egin bolıp, gu'zlik h'a'm jazlıq bolıp bo'linedi.

Respublikamızdag'ı siyaqlı rayonda da tiykarınan gu'zlik biyday egilip, klimat sharayatlarına qaray sentyabr, oktyabr aylarında egiledi. Sebebi ol gu'z aylarının' o'zinde-aq jerge tamır urıp, ba'h'a'rde birden rawajlanıwına imkaniyat tuwdıradı. Respublikamız g'a'rezsizlikke erisken jıllardan baslap xalıqtı da'n menen ta'miyinlew maqsetinde biyday egiwge ayrıqsha itibar berilip, egislik jerler strukturasında biydaydın' ornı arta basladı. 7-kestede Shımbay rayonı xojalıqlarında da'nli eginlerdin' dinamikası berilgen.

Biraq egilgen jerler tiyisli da'rejede jaqsı jerler bolmag'anlıqtan, onın' u'stine tiyisli agrotexnikalıq qa'deler o'z waqtında asırılmawı na'tiyjesinde h'a'r gektardan alıng'an h'asıl g'a'rezsizliktin' da'slepki jılları nebarı 8-10 tsentnerden, mısalı, 1994-jılı 7,7 ts., 1997-jılı 9,2 tsentnerden h'a'r gektardan o'nim alg'an bolsa, suwsızlıq baslang'an 2000-jılı 19,8 tsentnerden o'nim jetistirgen. Tilekke qarsı 2001-jılı nebarı 1729 ga maydang'a biyday egilip, zu'ra'a'tlilik 8,3 ts. qurag'an. Keyingi awıl-xojalıq jıllarında zu'ra'a'tlilik egislik maydanda artqanlıg'ın ko'remiz. 2007-jılı zu'ra'a'tlilik ortasha rayon boyınsha 26,5 ts. kurag'an bolsa 2011-jılı bul ko'rsetkish 22,2 ts. quradı. Degen menen biydaydan alınıp atırg'an zu'ra'a'tlilik basqa wa'layatlarg'a salıstırg'anda anag'urlım to'men. Andijan, Ferg'ana wa'layatlarında 60-65 ts. o'nim almaqta. Bul sortlar bizin' sharayatta egilse, h'asıldarlıg'ı joqarıda ko'rsetilgennen artpaydı.

**7 -keste**

**Shımbay rayonı boyınsha da'nli eginlerdin' dinamikası**

| Jıllar | Egislik maydan ga | Zu'ra'a'tlilik ts\ga | Ulıwma o'nim t\ga |
|---|---|---|---|
| 2001 | 1729 | 8,3 | 748 |
| 2003 | 12766 | 16,2 | 18252 |
| 2005 | 7035 | 21,2 | 14936 |
| 2007 | 7907 | 26,5 | 20653 |
| 2009 | 4058 | 31,1 | 12643 |
| 2010 | 4321 | 25,1 | 12876 |
| 2011 | 6445 | 22,2 | 14300 |

Shımbay ilim izertlew institutı alımları ta'repinen biydaydın' «Qaraqalpaq-15», T-4151, TS-80 sortları rayon sharayatına maslaspaqta. Aldag'ı uaqıtta jaqsı na'tiyje alıw mu'mkinshilikleri bar. Ayırım fermerler o'tken jılı agrotexnikalıq qa'delerge say jumıs alıp barıp 35-40 ts. o'nim almaqta. Usının' o'zinen ko'rinip turıptı rayonnın' qıyın ekologiyalıq sharayatında da g'a'lleshilikten joqarı zu'ra'a't alıw mu'mkinshiligine iye.

**Sharwashılıq tarmaqlarının' jaylasıwı h'a'm rawajlanıwı**. Rayon awıl-xojalıg'ında sharwashılıq diyxanshılıqtan son'g'ı ekinshi taraw esaplanadı. Bul taraw azıq-awqat, jen'il sanaat tarawlarının' tiykarg'ı shiyki zat penen ta'miyinleydi. Rayonnın' sharwashılıq tarawı tiykarınan ta'biyiy jaylawları h'a'm suwg'arıp egiletug'ın ot-jemlik eginlerge tiykarlanıp rawajlanbaqta. Sharwashılıq tarawları ulıwma awıl-xojalıg'ı o'nimlerinin' ¼ bo'limin jetkerip beredi. Rayon sharwashılıg'ının' qa'niygelesken tarawı qara mal sharwashılıg'ı esaplanadı.

Rayonda tiykarınan sharwashılıqqa qaniygelesken Shımbay h’a’m Tazajol xojalıqları bolıp, respublikalıq a’h’miyetke iye qara mallardı semirtip bag’ıwshı, respublikamız paytaxt xalqın go’sh penen ta’miyinlewshi sharwashılıq kompleksi bolg’an. Degen menen keyingi jılları rayonda awıl-xojalıg’ına bolg’an itibardın’, yag’nıy qarjı menen ta’miyinlewdin’ azayıwı, ot-jem bazasının’ to’menlewi rayondag’ı qıyın ekologiyalıq sharayat mallardın’ bas sanının’ ko’plep satılıwı na’tiyjesinde biz joqarıda so’z etken u’lken eki kompleks derlik a’h’miyetin jog’alttı. To’mendegi 8-kestede rayon xojalıqları boyınsha sharwashılıq mallarının’ bas sanı ko’rsetilgen. Kestede rayondag’ı barlıq tu’rdegi awıl-xojalıq ka’rxanaları, fermer, u’y-xojalıqlarındag’ı sharwashılıq mallarının’ dinamikası keltirilgen.

8-kestede rayondag’ı barlıq tu’rdegi sharwa mallarının’ dinamikasın analiz qılg’anımızda, ulıwma rayon boyınsha mallardın’ bas sanı 2002-2009-jıllar aralıg’ında ulıwma iri shaxlı mallar da, mayda mallardın’ da bas sanı artqanın ko’remiz. Mısalı, 2009-jılı 2006-jılg’a salıstırg’anda iri shaxlı mallar o’simi 111,6% quradı, qoy-eshkiler usı da’wir ishinde 105,2 %-ti tuttı.

Degen menen bul ko’rsetkishler tarawlar boyınsha h’a’rqıylı. Ulıwma sharwa mallarının’ 5%-i awıl-xojalıq ka’rxanalarında, 7%-i fermer xojalıqlarında, al qalg’an 90%-ke jaqını jeke xojalıqlardag’ı iri shaxlı h’a’m mayda mallar esaplanadı.

Sharuashılıq tarawlarının’ rawajlanıwı tarawlar boyınsha h’a’r qıylı. Mısalı, kestede ko’rsetilgenindey rayonda jeke xojalıqlarda barlıq tu’rleri iri shaxlı mallar, qoy-eshki, atlardın’ bas sanı izbe-iz artpaqta. Al fermer xojalıqlarında iri shaxlı mallardın’ tez pa’t penen ko’beyiwi sezilmekte. 2009-jılı 2006-jılg’a salıstırg’anda o’sim 124,8%-ti, sonnan sawın sıyırlar 131,2%-ke o’sken bir waqıtta, fermer xojalıqlarındag’ı qoy-eshkiler, atlardı bag’ıw da bir qansha o’skenligin ko’remiz.

**8 -keste**

**Shımbay rayonı boyınsha mal sharwashılıg’ı tarawlarının’ rawajlanıw dinamikası**

| Sharuashılıq tarawları | 2002 | 2006 | 2009 | 2006-jılg’a salıstırg’anda |
|---|---|---|---|---|
| İri shaxlı qaramallar | 26766 | 42488 | 47416 | 111,6 |
| Sonnan: sıyırlar | 10509 | 14641 | 15775 | 107,7 |
| Qoy eshkiler | 22760 | 38356 | 40354 | 105,2 |
| Atlar | 1450 | 1900 | 1994 | 104,9 |
| Awıl-xojalıg’ı ka’rxanalarında | | | | |
| İri shaxlı qara mallar | 3095 | 3888 | 2592 | 66,6 |
| Sonnan: sıyırlar | 762 | 827 | 792 | 95,7 |
| Qoy-eshkiler | 164 | 354 | 179 | 50,5 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Atlar | 88 | 112 | 97 | 86,6 |
| Xojalıqlarda | | | | |
| İri shaqlı qara mallar | 21956 | 35980 | 40930 | 113,7 |
| Sonnan: sıyırlar | 9295 | 12945 | 13780 | 106,4 |
| Qoy-eshkiler | 21974 | 37309 | 39470 | 105,7 |
| Atlar | 1248 | 1721 | 1817 | 105,5 |
| Fermer xojalıqlarında | | | | |
| İri shaxlı qara mallar | 1715 | 3120 | 3894 | 124,8 |
| Sonnan: sıyırlar | 452 | 899 | 1203 | 134,1 |
| Qoy-eshkiler | 622 | 690 | 705 | 102,1 |
| Atlar | 114 | 67 | 80 | 119,4 |

Rayon sharwashılıg'ında mallardın' bas sanı menen bir qatarda sharwashılıq o'nimlerin jetistiriw h'a'm ma'mleketke satıw u'lken orın tutadı. Sharwashılıq o'nimleri xalıq da'stu'rxanında bolıw menen birge, rayondag'ı sanaat ka'rxanaların shiyki zat penen ta'miyinlep turadı. Mısalı, azıq-awqat sanaaatın go'sh-su't, jen'il sanaattı teri-ju'n menen ta'miyinleydi. Rayonda qımbat bah'alı an' terileri ma'mleketke tapsırılmaydı. Tiykarınan mal terisi ma'mleketke tapsırıladı. 9-kestede rayonnın' sharwashılıq tarawlarında o'ndirilgen o'nim tu'rlerinin' o'siw dinamikası keltirilgen.

**9 -keste**

**Shımbay rayonı sharwashılıg'ında sharwashılıq o'nimlerin o'ndiriw dinamikası**

| № | Sharuashılıq o'nimleri | 2002 | 2006 | 2009 | 2006-jılg'a salıstırg'anda |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Barlıq xojalıqlarda go'sh (tiriley t.) | 1347 | 2952 | 3629 | 122,9 |
| | Su't (tonna) | 5503 | 7906 | 9509 | 120,2 |
| | Ma'yek (mın' dana) | 674 | 1581 | 2156 | 136,3 |
| | Ju'n (tonna) | 21,1 | 27,6 | 28,6 | 103,6 |
| | Awıl-xojalıg'ı ka'rxanalarında | | | | |
| | Go'sh (tiriley t.) | 35 | 67 | 68 | 101,5 |
| | Su't (tonna) | 377 | 82 | 79 | 96,3 |
| | Xojalıqlarda | | | | |
| | Go'sh (tiriley t.) | 1296 | 2876 | 3540 | 123,0 |
| | Su't (tonna) | 4630 | 7262 | 8840 | 121,7 |
| | Ma'yek (mın' dana) | 674 | 1581 | 2150 | 135,9 |
| | Ju'n (tonna) | 21,1 | 27,6 | 28,0 | 101,4 |
| | Fermer xojalıqlarında | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Go’sh (tiriley t.) | 16 | 9 | 21 | 2,3ese |
| | Su’t (tonna) | 496 | 562 | 590 | 104,9 |

Shımbay rayonı boyınsha sharwashılıq malları menen birge sharwashılıq o’nimlerin jetistiriw de u’lken orın tutadı.

9-keste mag’lıwmatların analizlegenimizde rayon boyınsha sharuashılıq o’nimlerinen tiykarınan go’sh (tiriley salmaqta) su’t, ma’yek, ju’n o’nimleri tapsırıladı. Rayon boyınsha barlıq xojalıq subektlerinde ma’mleketke sharua o’nimlerin tapsırıw jobası orınlang’an. Mısalı, rayon boyınsha 2009-jılı 2006-jılg’a salıstırganda go’sh jetistiriw 122,9%-ke, yag’nıy 2006-jılı 2952 tonna bolg’an bolsa, 2009-jılı bul ko’rsetkish 3629 tonnanı quradı. Usı da’wir ishinde su’t jetistiriw, ma’yek, ju’n jetistiriw ko’rsetkishleri de bir qansha artqanlıg’ın ko’remiz.

Degen menen rayonda sharuashılıq o’nimlerinin’ dinamikası artqan bir da’wirde awıl-xojalıg’ı ka’rxanalarının’ roli to’menlegenin ko’remiz. Sharwashılıqqa qa’niygelesken Shımbay h’a’m Tazajol xojalıqlarının’ a’h’miyeti derlik ulıwma sharuashılıq o’nimlerin jetistiriwde joq ekeni keste mag’lıwmatınan ko’rinedi. Sharuashılıq o’nimlerin jetistiriwde fermer xojalıqlarının’ tutqan ornı az. Fermer xojalıqları u’lesine ulıwma tiriley salmaqtag’ı go’shtin’ 1%-i, su’t jetistiriwdin’ 6%-i tuwra keledi. Usının’ o’zinen ko’rinip turg’anınday sharuashılıq o’nimlerin jetistiriwde ma’mleketlik xojalıqlardın’, a’sirese qa’niygelesken sharuashılıq xojalıqlarının’ roli to’men ekenligi, 90% tiykarg’ı sharuashılıq o’nimlerin u’y xojalıqları jetkerip bermekte. Olardın’ u’lesi jıldan-jılg’a artpaqta. Bul o’z gezeginde xalıqtın’ materiallıq jag’dayının’ jaqsılanıwınan derek beredi.

2009-shı «Awıldı rawajlandırıw» jılında awıl-xojalıg’ında sharwashılıqtı bunnan bılayda rawajlandırıw maqsetinde bankler ta’repinen an’satlastırılg’an kreditler beriw h’aqqındag’ı qararı respublikamızda, sonın’ ishinde men u’yrenip atırg’an Shımbay rayonında da sharuashılıq tarawının’ rawajlanıwına jol ashadı dep oylayman.

Ulıwma alg’anda rayon awıl-xojalıg’ındag’ı sıyaqlı sharuashılıq tarawında da sheshiliwi tiyis ma’seleler ko’p, olardan sharuashılıq ushın bekkem ot-jem bazasının’ to’menligi, sebebi 2000-2001-jıllardag’ı suwsızlıq jerlerdin’ shorlanıwı, mineral to’ginlerdin’ jetispewshiligi ta’biyiy jaylawlardın’ zu’ra’a’tliginin’ to’menligi awıl-xojalıg’ı ka’rxanalarındag’ı mallardın’ bas sanının’ h’a’m sharuashılıq o’nimlerinin’ kemeyiwine alıp keldi.

Juwmaqlap aytqanda rayonda sharuashılıq tarawın rawajlandırıw ushın ot-jem bazasın qa’liplestiriw, sharuashılıqtı qa’nigeli kadrlar menen ta’miyinlew, sharuashılıqta na’sil sıyırlardı

ko'beytiw, zooveterinariya jumısların durıs jolg'a qoyıw, sharuashılıq o'nimlerin qayta islewshi agrosanaat tarmaqların intensiv rawajlandırıw arqalı sharuashılıq tarawlarının' rentabellik da'rejesin arttırıw mu'mkinshiligi jaratıladı.

## II.2. Sanaat tarawlarının' jaylasıwı h'a'm pawajlanıwı.

Shımbay rayonı Qaraqalpaqstannın' arqa rayonları ishinde kolaylı transport-ekonomikalık sharayatta jaylasıp, respublikanın' ekonomikalık potentsialında jokarı salıstırmalı ulesti tutadı. Shımbay rayonı 1927-jılı du'zilip, xalıq xojalıgı tarawlarının' rawajlanıwı erte da'wirlerden basladı. Degen menen respublikanın' ekonomikalıq. rawajlanıwına sa'ykes tendentsiyalar rayonnın' ekonomikalıq rauajlanıwına da kushli toskınlıq jasadı. Rayonnıy tiykarg'ı sanaat tarawları tiykarınan awıl-xojalıg'ı o'nimlerin qayta islewshi tarawlar esaplanadı. Al awır sanaat tarawları ishki mu'mkinshiliklerden kelip shıgıp rawajlanıw mumkinshiligine iye bolmadı. Awıl-xojalıg'ı o'nimlerin qayta islewshi sanaat tarawları qatarına «Shımbay mamıg'ı» aktsionerlik ja'miyeti, h'am nan, h'am un o'nimlerin islep shıg'aratugın ka'rxanalar kiredi. Rayonnın' sanaat kompleksinin' rauajlanıwında Chardjou-Xojeli-Qon'ırat-Beyneu temir jolı iske tu'siwi, a'sirese o'tken a'sirdin' 80-jılları Xojeli-No'kis-Shımbay rayonların baylanıstırıwshı temir jol liniyasının' iske tu'siwi rayon aymag'ında o'ndirilgen o'nimlerdi transportirovkalawda, awıl-xojalıg'ı o'nimlerin qayta islewshi tarawlar menen bir qatarda sanaat, qurılıs materialları sanaat tarauların rawajlandırıwg'a jol ashtı. Rayonnın' sanaat tarawlarının' rawajlanıwı tiykarınan awıl-xojalıg'ı tarawlarının' rawajlanıwına tikkeley baylanıslı. Sonlıqtanda keyingi jılları Aral ten'izinin' suwdan qurıg'an maydanlarınan ko'terilgen shan'-tozan'lar na'tiyjesinde awıl-xojalıg'ı tarawları, a'sirese diyxanshılıq tarawları ko'p ziyang'a qaldı. Bul qıyın ekologiyalıq jag'day o'z gezeginde rayonda sanaat o'nimlerinin' ko'leminin' azayıwına alıp keldi.

Degen menen keyingi jılları rayonda sanaat o'nimlerinin' strukturalıq duzilisi h'a'm tarawlardın' salıstırmalı u'lesin 10-keste mag'lıwmatlarınan ko'riwge boladı.

10-**keste**

**Rayon sanaatının' tarawlıq strukturası (% esabında)**

| Taraw atları | O'ndiristegi jumısshı h'a'm xızmetkerler sanı | Ulıwma jıllıq o'nim mug'darı | Tiykarg'ı o'ndirislik fondlar qunı |
|---|---|---|---|
| Barlıq sanaat.<br>Sonnan: | 100,0 | 100,0 | 100,0 |
| Jen'il sanaat | 36 | 56 | 40 |
| Azıq-awqat sanaatı | 34 | 21 | 30 |
| Qurılıs materialları sanaatı | 9 | 7 | 9 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ag'ash h'a'm ag'ashtı qayta islew | 3 | 2 | 2 |
| Sanaattın' basqa tarawları | 18 | 14 | 19 |

Kestede berilgen maglıwmatlarg'a qarag'anda rayonnın' sanaat tarawlarının', strukturasında jıl dawamında islep shıg'arılatug'ın o'nimlerdin' ko'lemi boyınsha jen'il h'a'm azıq-awqat sanaatları baslı orın tutadı h'a'm rayon boyınsha sanaattan alınatug'ın o'nimlerdin' basım ko'pshiligin, yag'nıy 70%-in quraydı.

Sonlıqtan jen'il h'a'm azıq-awqat sanaatın rawajlandırıw h'a'zirgi bar mu'mkinshlikke, yamasa shiyki zat resursları menen ta'miynleniw da'rejesine baylanıslı bolıp otır. Rayonnın' tiykarg'ı sanaat ka'rxanaları qatarına «Xalqabad mamıg'ına» qaraslı Shımbay mamıg'ı filialı, «May» aktsionerlik ja'miyeti, «Da'n o'nimleri» aktsionerlik ja'miyeti, «Shımbay kumbız» gerbish zavodı, «Otaw» gerbish zavodı, «Shımbay gerbish zovodı»ları menen bir qatarda iske tu'siw aldında turg'an «Lanekstrakt» ximiyalıq talshıq islep shıg'arıwshı qospa ka'rxana, «Shımbay Lanvood» DSP islep shıg'arıwshı qospa ka'rxanalardı h'a'm t.b. kiredi.

Shımbay paxta tazalau zavodı respublikadagı eski ka'rxanalardan esaplanıp, jılına 20 mın' tonna paxta talshıg'ın qayta islew mumkinshiligine iye. Biraq, keyingi jıllardag'ı jerlerdin' ku'shli shorlanıwı na'tiyjesinde jerlerdin' meliorativ jag'dayının' to'menlewinen h'asıldarlıqtın' kemeyip ketiwi paxta tazalaw ka'rxanalarının' tolıq quwatta isley almawına sebepshi bolmaqta.

Xalkabad paxta tazalaw zavodının' Shımbay paxta tazalaw filialında keyingi jıllarda o'nim tu'rleri asqanın ko'remiz. A'sirese shigitten lint alıwdı arttırıw boyınsha u'lken jumıslar islendi. Usıg'an sa'ykes paxta tazalaw zavodının' texnikalıq, ekonomikalıq ko'rsetkishleri arta basladı. Sonlıqtan o'nimnin' o'siwine sa'ykes onın' texnologiyalıq u'skenelew da'rejesin jaqsılaw za'ru'r. Tilekke qarsı Shımbay rayonı boyınsha keyingi jılları paxta tazalaw ka'rxanalarının' o'ndirislik quwatınan tolıq. paydalanılmay atır. Sebebi paxtanın' ulıwma ko'lemi keyingi 15 jıl ishinde derlik 3 ese kemip ketti. Sonlıqtan jen'il sanaat tarawlarının', a'sirese paxta tazalaw sanaatı tarawların rawajlandırıw ushın onın' shiyki zat bazasın duziwge itibar beriw kerek.

Azık-awqat sanaatı rayon sanaatının' jetekshi tarawı esaplanadı. Keyingi jılları xalıktın' tutınıw tovarlarına bolgan talabın esapka ala otırıp Shımbay may zavodı, Shımbay da'n o'nimleri kombinatı, nan o'nimlerin tayarlaytug'ın h'a'm t.b. ka'rxanalar rayon xalqın azıq-awqatlıq o'nimler menen ta'miyinlewde u'lken orın tutadı.

Juwmaqlap aytqanda, Shımbay rayonı sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwında sanaat kompleksinin' h'a'zirgi rawajlanıw da'rejesine elede ko'plegen rezervlerdin' iske kosılmag'anlıg'ınan to'men esaplanadı.

Awır sanaat tarawları, iri toqımashılıq. ka’rxanaları, iri kurılıs materialları sanaatı ka’rxanaları rayon aymag’ında iske tuspegen.

Ha’tteki rayon awıl-xojalıg’ında, a’sirese diyxanshılıqqa qa’niygelesken xojalıqlarg’a iye bolıwına qaramastan azıq-awqat sanaatı tarawları shiyki zat penen tolıq ta’miyinlenbegen. Usıg’an baylanıslı ayırım ka’rxanalar tolıq quwatta islemeydi. Sonlıqtan rayon sanaat kompleksinin’ rawajlanıw mashqalaların sheshkende en’ baslı ma’sele retinde onın’ shiyki zat resursları menen tolıq ta’miyin etetug’ın planlı ko’rsetkishler arqalı amelge asırıw maqsetke muwapık esaplanadı.

# III-BAP. RAYONNIN’ XALQININ’ O’SIW DINAMIKASI H’A’M XALIQ QURAMI

## III.1. Rayon xalqının’ o’siw dinamikasına sıpatlama.

Xalıq ja’miyettegi o’ndirilgen materiallıq ruwxıy baylıqlardın’ do’retiwshisi bolıp qalmay, bul baylıqlardın’ tutınıwshısı da esaplanadı. Respublikamızda xalıq sanının’ o’siwi tikkeley ta’biyiy o’simge baylanıslı bolıp to’mendegi faktorlar u’lken ta’sir jasaydı. Olardan: respublika aymag’ındag’ı xalıqlarda ko’p balalı bolıwg’a umtılıwı, ja’miyetlik du’zimnin’ xalıqtın’ ko’beyiwine ta’sir etiwi, balalıqtı h’a’m analıqtı qorg’aw boyınsha ma’mlekettin’ g’amxorlıg’ı, «demografiyalıq» faktorlardan xalıqtın’ ta’biyiy o’simi, ko’ship qonıslasıwı, u’yleniw h’.t.b. Bul faktorlar bir-biri menen tıg’ız a’melge asırılg’anda xalıq sanının’ tez o’siwine imkaniyatlar jaratadı.

Ha’r regionnın’ ekonomikalıq ha’m sotsiallıq rawajlanıwına sıpatlama bergenimizde, onın’ xalqı ha’m miynet resursları ulken orın turadı. Sebebi xalıq, ja’miyetlik o’ndiristin’ tiykarg’ı sebepshisi. Sonın’ ushında xalıqtın’ ha’m miynet resurslarının’ o’siwine analiz jasaw, xalıqtın’ territoriya boyınsha jaylasıwın analiz jasaw, u’yreniw baslı wazıypa bolıp esaplanadı. A’sirese bazar ekonomikasına o’tiw da’wirinde Aral ekologiyalıq mashqalalarının’ h’a’wij alg’an waqtında xalıqtın’, a’sirese awıl xalqının’ sotsiallıq turmıs da’rejesine, rawajlanıw mu’mkinshiliklerine u’lken dıqqat awdarıwdı talap etedi.

Usıg’an sa’ykes qaniygelik jumısımda izertlenip atırg’an rayonnın’ xojalıq tarawlarının’ rawajlanıwı, rawajlanıw bag’darların u’yreniw maqsetinde rayonnın’ xalqı, onın’ territoriya boyınsha jaylasıwı, miynet resursları h’a’m onın’ ta’miyinleniw da’rejesi h’aqqında so’z etiledi.

Shımbay rayonı respublikamızdag’ı xalıq sanı boyınsha aldın’g’ı rayonlar qatarına kirip, respublika xalqının’ 6,3% tutadı. Rayon xalqın u’yreniw, miynet resurslarının’ o’siwine analiz jasaw, a’sirese bazar ekonomikasına o’tiw da’wirinde Aral ekologiyalıq mashqalalarının’ h’a’wij alg’an waqtında xalıqtın’ sotsiallıq turmıs da’rejesine, rawajlanıw mu’mkinshiliklerine u’lken

dıqqat awdarıwdı talap etedi. Usıg'an sa'ykes pitkeriw qaniygelik jumısımda izertlenip atırg'an rayonnın' ekonomikalıq h'a'm sotsiallıq rawajlanıw bag'darların u'yreniw maqsetinde rayonnın' xalqı, o'siw dinamikası, rayon xalqının' qala h'a'm xojalıqlar boyınsha jaylasıwı, miynet resursları menen ta'miyinleniw da'rejesi h'aqqında so'z etiledi.

Men izertlep atırg'an Shımbay rayonı xalqının' sanı 2011-jıl 1-yanvarına 105600 adamdı quradı. Bul ko'rsetkish respublika boyınsha 1687,3 mın' adamdı qurap, rayon respublika xalqının' 6,3%-in tutadı. Ortasha 1 kv km maydang'a 47,1 adamnan tuwra keledi. Rayon xalqı rayon aymag'ında burınnan otırıqshı xalıqlar bolıp, xalıqtın' sanı jıldan jılg'a ta'biyiy o'sim arqalı ko'beymekte.

Degen menen keyingi jıllardag'ı ekologiyalıq sharayatlardın' keskinlesiwi rayondag'ı o'ndirislik h'a'm sotsiallıq tarawdag'ı qıyınshılıqlar h'a'm t.b. sebeplerge baylanıslı rayon xalqının' ta'biyiy o'siw da'rejesi biraz to'menlegenin ko'riwimizge boladı. Bul protsess rayon xalqının' o'siw dinamikasına tikkeley ta'sir jasamaqta. Rayon xalqının' o'siw dinamikası, sonın' ishinde qala h'a'm awıl xalqının o'siw dinamikasın h'a'm protsentlik ko'rsetkishlerin 11-kesteden ko'riwimizge boladı.

**11-keste**

**Shımbay rayonı xalqının' o'siw dinamikası**

| № | Jıllar | Rayonnın' barlıq xalqı mın' adam | Xalqının' o'siw pa'ti % esabında | Usınnan | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Qala xalqı | % esabında | Awıl xalqı | % esabında |
| 1. | 2001 | 91,6 | 100,0 | 33,2 | 36,2 | 58,4 | 63,8 |
| 2. | 2002 | 92,0 | 104,2 | 45,5 | 49,5 | 46,5 | 50,5 |
| 3. | 2003 | 92,4 | 100,8 | 46,0 | 49,8 | 46,4 | 50,2 |
| 4. | 2004 | 96,8 | 105,6 | 46,6 | 48,1 | 50,2 | 51,9 |
| 5. | 2005 | 97,7 | 106,6 | 47,2 | 48,3 | 50,5 | 51,7 |
| 6. | 2006 | 98,9 | 107,9 | 48,0 | 48,5 | 50,9 | 51,5 |
| 7. | 2007 | 99,7 | 108,6 | 49,7 | 49,9 | 50,0 | 50,1 |
| 8. | 2008 | 100,5 | 109,2 | 50,9 | 50,6 | 49,6 | 49,4 |
| 9. | 2009 | 101,9 | 111,2 | 51,2 | 50,2 | 50,7 | 49,8 |
| 10. | 2010 | 103,5 | 113,0 | 51,7 | 49,9 | 51,8 | 50,1 |
| 11 | 2011 | 105,: | 115,2 | 52,6 | 49,8 | 53,0 | 50,2 |

11-kestede ko'rsetilgendey rayon xalqı 2001-2011-jıllar aralıg'ında ulıwma 14,0 mın' adamg'a yamasa 115,2%-ke ko'beygen. Eger 2001-jılı rayon xalqı 91,6 mın' adamdı qurag'an bolsa, 2011-jılı bul ko'rsetkish 105,6 mın' adamdı quradı. Rayon xalqının' jıllıq o'simi ortasha jılına 0,8-1,2%-ti quramaqta, yag'nıy bul 800-1200 adam degen so'z.

Degen menen o'tken 2011 jılı xalıqtın' tabiyiy o'simi aldın'g'ı jıllarg'a qarag'anda da biraz o'sken. Rayon xalqının' ta'biyiy o'simine migratsiya protsessleri de belgili da'rejede ta'sir

etpekte. 2011-jılı migratsiya ko'rsetkishi to'mendegishe: kelgenler sanı 1000 adam, ketkenler 1,8 mın' adamdı quradı, yag'nıy migratsiya saldosı – 0,8 mın' adamdı quradı. Rayon xalqının' keste mag'lıwmatlarında 2012-jılda tez o'skeni qon'sılas Bozataw rayonının' tarqatılıp, aymag'ı Kegeyli h'a'm Shımbay rayonı aymag'ına qosılg'anlıg'ınan esaplanıladı. Ulıwma alg'anda rayon xalqının' sanı dinamikalıq o'simge iye ekenligin ko'remiz.

12-kestede rayonnın' xalıq sanının' ta'biyiy o'siwin sıpatlaytug'ın mag'lıwmatlardı ko'riwimizge boladı.

**12-keste**

**Shımbay rayonı xalqının' ta'biyiy o'simi (1000 adamg'a esaplag'anda)**

| № | Jıllar | Tuwılıwshılıq | O'limshilik | Ta'biyiy o'sim |
|---|---|---|---|---|
| 1. | 2001 | 22,4 | 6,4 | 16,0 |
| 2. | 2202 | 20,8 | 6,9 | 13,9 |
| 3. | 2003 | 20,7 | 6,1 | 14,6 |
| 4. | 2004 | 23,4 | 5,1 | 18,3 |
| 5. | 2005 | 22,4 | 6,3 | 16,1 |
| 6. | 2006 | 21,4 | 6,0 | 15,4 |
| 7 | 2007 | 22,7 | 6,0 | 171 |
| 8 | 2008 | 25,1 | 6,1 | 19,0 |
| 9 | 2009 | 27 | 5,1 | 21,9 |
| 10 | 2010 | 24,1 | 5,8 | 18,3 |
| 11 | 2011 | 22,7 | 5,7 | 17,0 |

Keste QR statistika basqarması materialları tiykarında du'zildi

12-kestede ko'rsetilgendey rayonda xalıqtın' ta'biyiy o'simi son'g'ı jılları derlik bir jag'dayda. Eger 2001-jılları rayon boyınsha o'sim h'a'r mın' adamg'a 16,0 adamdı qurag'an bolsa, 2011-jılg'a kelip bul ko'rsetkish 17,0 adamdı quradı. Derlik keyingi 10 jıl ishinde xalıqtın' ta'biyiy o'simi ayırım jıllardı esapqa almag'anda artqanlıg'ın ko'remiz. Xalıqtın' ta'biyiy o'siminin' artqanlıg'ına bir qansha sebepler ta'sir etpekte. Bug'an son'g'ı waqıtları ju'rgizilip atırg'an demografiyalıq siyasatlar ekonomikalıq jag'daydın' jaqsılanıwı, ekologiyalıq jag'daylardın' turaqlasıwı h'a'm tag'ı basqa sebepler belgili da'rejede ta'sir etpekte. Biraq son'g'ı eki jılda xalıqtın' ta'biyiy o'simi biraz pa'seygen. Bul pa'seyiw endigi jıllarda da gu'zetiledi.

Respublikamızdag'ı sıyaqlı biz izertlegen rayonda da balalar o'limi, a'sirese 1 jasqa shekemgi balalar o'limi joqarı bolıp, h'a'r 1000 adamg'a o'limshilik 17,2 balag'a tuurı keledi. Bul ko'rsetkish 5 jasqa deyingi balalar arasında o'limshilik 1000 balag'a 24 bala tuwra keledi.

Hayal-qızlar arasındag'ı kemqanlıq keselligi ko'plep ushıraspaqta. Bul da xalıqtın' ta'biyiy o'siwine tosqınlıq jasaydı.

Rayonnın' demografiyalıq ko'rsetkishlerin sıpatlaytug'ın faktor xalıqtın' territoriya boylap jaylasıwı h'a'm tıg'ızlıg'ı esaplanadı. Rayon boyınsha 2010-jılı 1 km2 maydang'a ortasha 47,1 adam tuwra keledi. Bunnan biz rayon xalqının' ortasha tıg'ızlıg'ı respublika xalqının' tıg'ızlıg'ına salıstırg'anda anag'urlım joqarı ekeni ko'rinedi. Degen menen rayon xalqı territoriya boylap bir tegis jaylaspag'an. Rayonnın' en' xalqı tıg'ız jaylasqan ornı rayon orayı Shımbay qalası h'a'm xojalıq orayları bolıp barlıq xalqının' 70% tutadı.

Rayon xalqının' 52600 adamı yamasa 49,8%-i qalalarda jasaydı, al APJ-da 53000 adam jasap, bul 51,2%-in quraydı. Ulıwma rayon boyınsha 20294 xojalıq bolıp, ortasha h'a'r bir shan'araqta 5,1 adamnan tuwra keledi.

Shımbay rayonı boyınsha 11 ma'kan puxaralar jıyını, 11 awıl puxaralar jıyını bolıp, awıl puxaralar jıyını boyınsha xalıqtın' sanı Qızılo'zek, Mayjap, Tazg'ara, Ken'es auıl puxara jıyınlarında xalqının' sanı 6000 adamnan aslam. Al xalqının' sanı boyınsha en' kem awıl puxaralar jıyınlarına Qosterek, Tazajol, Ko'ksuw, APJ-ları kiredi.

## II.2. Rayon xalqının' jas h'a'm jınıs quramı.

Shımbay rayonının' ulıwma xalqının' yarımınan aslamı miynetke jaramlı jastag'ı adamlar sanalıp, xalıq xojalıg'ı tarmaqların rawajlandırıw ushın miynet etpekte. Sonday-aq rayonnın' xalqı boyınsha jas o'zgesheliginde miynet jasına deyingi jaslardın' salmag'ı joqarı ekenligi h'a'm aldag'ı waqıtta rayonnın' sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwınada o'z ta'sirin tiygizedi. Rayon boyınsha xalıqtın' jınıslıq quramında da aytarlıqtay o'zgesheliklerge iye. Ulıwma rayon xalqının' 51,4%, yamasa 51264 adamı erler, 49,6% yamasa rayonnın' ulıwma xalqının' 51336 adamın h'ayal-qızlar tutadı. Bunı to'mendegi keste mag'lıwmatlarınan ko'remiz.

Keste mag'lıwmatlarına qarag'anda rayon xalqının' er adamlar arasında da, h'ayal-qızlar arasında da jas strukturasında o'zgeshelikler seziledi.

**13-keste**

**Shımbay rayonı xalqının' jas h'a'm jınıs quramı**
**(2011-jılg'ı mag'lıwmat)**

| **№** | | **Adam sanı** | **% esabında** |
|---|---|---|---|
| 1. | Barlıq xalqı | 105600 | 100,0 |
| | Sonnan: miynetke jaramlı jasqa shekemgiler | 39385 | 38,0 |
| | Miynet jasındag'ılar | 60591 | 54,1 |
| | Miynet jasınan o'tkenler | 8197 | 7,9 |
| 2. | Er adamlar | 52164 | 100,0 |
| | Sonnan: miynetke jaramlı jasqa shekemgiler | 20699 | 39,6 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Miynet jasındag'ılar | 27764 | 53,2 |
| | Miynet jasınan o'tkenler | 3701 | 7,1 |
| 3. | Hayallar | 51336 | 100,0 |
| | Sonnan: miynetke jaramlı jasqa shekemgiler | 19001 | 37,1 |
| | Miynet jasındag'ılar | 27787 | 54,1 |
| | Miynet jasınan o'tkenler | 4548 | 8,8 |

Miynet jasına deyingiler derlik ten' ko'rsetkishlerge iye bolsa, miynet jasındag'ılarda h'ayallar basım ko'pshilikti qurap, olardın' salıstırma u'lesi 54,1%, al erlerde bul ko'rsetkish 53,2% quraydı. Al miynet jasınan o'tkenlerdin' arasında er adamlar barlıq xalıqtın' 7,1% tutsa, h'ayal-qızlar 8,8% quradı. Ulıwma rayon boyınsha xalıqtın' jınıs o'zgesheliginde h'ayallardın' salıstırma u'lesinin' joqarılıg'ı menen parq qıladı.

## II.3. Rayon xalqının' milliy quramı.

Ha'zirgi waqıtta rayon aymag'ında ko'plegen millet wa'killeri xalıq xojalıg'ının' barlıq tarawlarında miynet etpekte. Xojalıq xalqının' milliy quramında derlik belgili o'zgerisler joq. Sebebi xojalıq aymag'ı burınnan kiyatırg'an otırıqshı xalıqlar bolıp esaplanadı. To'mendegi 14-kestede rayon aymag'ında jasawshı xalıqlardın' milliy quramındag'ı o'zgerisler berilgen.

**14-keste**

**Rayon xalqının' milliy quramı (protsent)**

| Milletler | 2009 | 2010 | 2011 |
|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqlar | 84,2 | 85,0 | 87,11 |
| Qazaqlar | 12,1 | 12,1 | 10,1 |
| O'zbekler | 3,0 | 2,3 | 2,17 |
| Tajikler | 0,01 | 0,01 | 0,02 |
| Qırg'ızlar | 0,2 | 0,2 | 0,26 |
| Tatarlar | 0,1 | 0,1 | 0,11 |
| Ruslar | 0,07 | 0,07 | 0,06 |
| Tu'rkmenler | 0,08 | 0,08 | 0,07 |
| Koreetsler | 0,04 | 0,04 | 0,02 |
| Basqalar | 0,2 | 0,2 | 0,3 |

14-keste mag'lıwmatlarına qarag'anda rayon aymag'ında jasaytug'ın xalıqlardın' 2011-jılg'ı mag'lıwmat boyınsha 87,1% qaraqalpaqlar, 10,1% qazaqlar, 2,7 % o'zbek milleti wa'killeri quraydı. Al keyingi jıllarda rayon aymag'ında xalıqtın' milliy quramı biraz o'zgerdi. 2004-jılı Bozataw rayonının' tarqatılıwı sebepli Ko'ksuw awıllıq puxaralar jıyını Shımbay rayonı quramına o'tti. Al ayırım millet wa'killerinin' sırtqa ko'shiwi na'tiyjesinde xalıq sanının'

azayg’anın ko’remiz (ruslar, koreetsler, tatarlar, qazaqlar t.b.). Degen menen 14-keste mag’lıwmatların analizlegenimizde rayon aymag’ında ayrım millet wa’killerinin’ birqansha artqanlıg’ın ko’remiz. Ulıwma alg’anda rayonnın’ milliy quramında jergilikli xalıqlardın’ basım ekenligin ko’remiz.

# IV-BAP. RAYONNIN' MİYNET RESURSLARI.

Miynetke jaramlı xalıq bul h'a'r qanday resurslardın' paydalanıwda baslı faktor sanaladı. Miynet resursları, o'ndiriste, a'sirese awıl-xojalıg'ında u'lken a'h'miyetke iye. Sebebi awıl-xojalıg'ı xalıq xojalıg'ının' basqa tarawlarına qarag'anda mexanizatsiyalastırıw da'rejesi birqansha to'men bolıp kelmekte. Rayon sharayatında awıl-xojalıg'ının' rawajlanıwında jer-suw resurslarınan paydalanıwda miynet resursları ko'plep talap etiledi. Sonlıqtan h'a'zirgi waqıtta rayonda kerekli miynet resursların aldın ala biliw rayonnın' rawajlanıw bag'darına qaray ka'sipke bag'darlaw lazım. Rayon xalqı boyınsha miynetke jaramlı jastag'ı adamlar rayonnın' aldına qoyg'an wazıypaların atqarıwda baslı orın tutadı.

O'ndiris quralları h'a'm isshi ku'shi ja'miyettin' o'ndiriwshi ku'shlerin quraydı. Bul jerde isshi ku'shi o'ndiriwshi ku'shlerdin' subektiv elementi bolıp, onın' roli o'ndiriste og'ada u'lken. İsshi ku'shisiz qanday da'rejede rawajlang'an h'a'zirgi zaman texnikaları da jansız metallar toplamına aylanadı. Miynet resurslarnın' tiykarg'ı bo'limin xalıqtın' miynetke jaramlı jastag'ı bo'limi quraydı.

Miynet resurslarına bah'a beriw demografiyanın' a'h'miyetli tarawlarınan biri esaplanadı. «Miynet resurs»ları tu'sinigi ma'nisine qaray bir-birine jaqın keletug'ın bir neshe tu'siniklerden ibarat. G.S.Vechkanov h'a'm G.R.Vechkanovalar miynet resursların miynetti fizikalıq h'a'm aqlıy uqıplılg'ı menen tiri tasıwshılar sıpatında qaraydı. Olardın' pikirinshe «miynet resursları» olardı jasaw ushın ekonomikalıq qatnas, miynet protsessindegi h'a'reketler h'a'm adamzat iskerliginin' basqada sferalarında xızmeti sıpatında ko'riw kerek.

Ko'plegen ilimpazlardın' pikirinshe, miynet resursları- bul miynet islew qa'bilietine iye jastag'ı h'a'm sol jastan u'lken ja'ne kishi jastag'ı jumıs islep atırg'an adamlar jıyındısı tu'siniledi. Sonın' menen birge «miynet resursları» ayırım jag'daylarda xalıqtın' miynet islew uqıplılıg'ına iye, ja'miyetlik o'ndiriste ba'nt, sonday-aq zah'iradag'ı (oqıwshılar, jumıssızlar, studentler) adamlardan da ibarat boladı.

Demek miynet resursları - bul adamshılıq ja'miyettin' baslı o'ndiriwshi ku'shi bolıp tabıladı. Miynet resurslarının' sanı h'a'm o'siw dinamikası, qa'niygelik h'a'm bilim da'rejesi ma'mleket xalıq xojalıg'ın rawajlandırıwdın' en' baslı faktorlarınan esaplanadı. Miynet resurslarına miynetke jaramlı 16-59 jas aralıg'ındag'ı erler, 16-54 jas aralıg'ındag'ı h'ayal-qızlar kiredi. Sonday-aq miynet islew uqıbına iye pensionerler h'a'm ayırım waqıtları 14-16 jas aralıg'ındag'ı jas o'spirimler miynet resursları qatarına kirgiziledi.

Shımbay rayonının' miynet resurslarının' artıp barıwı respublikamızg'a xarakterli bolg'an tiykarg'ı ulıwmalıq nızamlar menen baylanıslı. Usılardın' ishindegi en' a'h'miyetlerinen biri

miynet penen tolıq ba'nt bolıwı h'a'm miynetke jaramlı adamlardın' miynet aktivliginin' joqarı bolıwı bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında miynet resurslarının' joqarı pa't penen o'siwi bir jag'ınan qolaylı jag'daylar tuwdırsa, ekinshi jag'ınan olardı jumıs penen ta'miyinlew h'a'm qa'niygeli kadrlar menen ta'miyinlew mashqalası tuwıladı.

Usınday jag'day Shımbay rayonında da ju'z bermekte. Ha'zirgi waqıtta usınday Shımbay rayonındag'ı miynet resursları menen baylanıslı kelip shıg'ıp atırg'an mashqalalardı sheshiwge u'lken dıqqat awdarılmaqta.

Shımbay rayonı xalqının' joqarı da'rejede o'siwi, olardı jumıs penen ta'miyinlew bu'gingi ku'nnin' u'lken wazıypası esaplanadı. Miynetke jaramlı jastag'ı adamlardın' jumıs penen ba'nt bolıwı, quramı ekonomikanın' rawajlanıwına, myinet resurslarınan ratsional paydalanıwına o'z ta'sirin tiygizip otıradı.

Rayon xalqının' miynet resursları sanı 64400 adamdı quraydı. Usınnan tikkeley xalıq xojalıg'ında jumıs islewshiler sanı 38900 adamdı quraydı. Usınnan 10380 adam ma'mleketlik h'a'm ja'miyetlik sho'lkemlerde, 2975 adam sanaatta, 14366 adam auıl xojalıg'ında, jekke miynet xızmeti menen 203, ma'mleketlik emes ka'rxanalarda 5439 adam xızmet etpekte. Basqa tarmaqlarda, sonın' ishinde xalıqqa xızmet ko'rsetiw tarmaqlarında 2490 adam islemekte. Degen menen rayon boyınsha jumıssızlardın' u'lesi joqarı bolıp kelmekte. A'sirese 2000-2001-jılları suwsızlıqqa baylanıslı diyxanshılıq maydanları keskin azayıp ketti. Paxta, biyday maydanlarının' azayıwı sanaat o'ndirisine de ulken ta'sir etti. Bul o'z gezeginde rayon aymag'ında jumıssızlıqtın' artıwına sebepshi boldı h'a'm miynet jasındag'ı jumıssızlardın' ko'pshiligi sırtta jumıs islewge ma'jbu'r. Ulıwma rayon boyınshadizimge afksyfy jumıssızlar sanı 2000 nan aslam adamdı qurap, yag'nıy bul miynetke jaramlı xalıqtın' 4,5% tutadı. Yag'nıy 2005 jılg'a salıstırg'anda jumıssızlardın' sanı birqansha qısqarg'anın ko'remiz.

15-keste

**Shımbay rayonı xalıq xojalıq tarawlarında ba'nt bolg'an adamlar dinamikası (mın' adam)**

| **Tarawlar** | **2009** | **2010** | **2011** |
|---|---|---|---|
| **Xalıq xojalıg'ında ja'mi** | 35,6 | 36,3 | 36,9 |
| Usınnan: | | | |
| Sanaatta | 2,1 | 2,1 | 2,2 |
| Awıl-xojalıg'ında | 6,9 | 6,8 | 6,9 |
| Qurılıs | 2,2 | 2,2 | 2,3 |
| Transportta | 0,5 | 0,5 | 0,5 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Baylanısta | 0,3 | 0,3 | 0,4 |
| Sawda h'a'm ulıwma awqatlanıw | 3,8 | 3,8 | 3,9 |
| U'y-jay, komunal xojalıg'ı, xalıqqa xızmet ko'rsetiw tarawları | 0,7 | 0,7 | 0,8 |
| Den-sawlıqtı saqlaw, ma'deniyat, iskusstvo, ilim h'a'm fizkultura | 2,7 | 2,7 | 2,8 |
| Xalıq ta'liminde | 7,1 | 7,1 | 7,1 |
| Ma'deniyat h'a'm iskusstvo | 0,1 | 0,1 | 0,2 |
| Qamsızlandırıw, finans h'a'm napaka | 0,14 | 0,16 | 0,16 |
| Basqarıwda | 0,4 | 0,4 | 0,4 |
| Basqa tarawlarda | 8,7 | 9,4 | 9,2 |

Son'g'ı jıllardag'ı elimizde bolıp atırg'an o'zgerisler Shımbay rayonının' miynetke jaramlı jastag'ı adamların jumıs penen ta'miyinlewinde o'zine jarasa mashqalalardı keltirip shıg'armaqta. 2011-jılı rayonda qosımsha 3144 jumıs orınları sho'lkemlestirilip 2584 adam jumıs penen ta'miyinlendi. Degen menen bul ma'sele ele keskinligi menen qalmaqta.

Sonlıqtan h'a'zirgi ku'nnin' baslı wazıypası bul Prezidentimizdin' atap o'tkenindey awıllıq jerlerde awıl-xojalıg'ı menen bir qatarda kishi islep shıg'arıw ka'rxanaların, yamasa agrosanaat tarmaqların qurıw bolıp tabıladı. Aldag'ı waqıtta diyxanshılıqtan suwdı az talap etetug'ın eginlerdi egiw, intensiv texnologiyadan paydalanıw arqalı jen'il h'a'm azıq-awqat o'ndirisin rawajlandırıw jolı menen xalıqtın' abadanlıg'ın arttırıwg'a jol ashadı.

Prezidentimiz İ.A.Karimov o'zinin' 2012-jıl 19 yanvarda jasag'an «2012-jıl Watanımızdın' rawajlanıwın jan'a basqıshqa ko'teretug'ın jıl boladı» atlı bayanatında – «Aymaqlıq ba'ntlik bag'darlamalarının' a'melge asırılıwı na'tiyjesinde jaratılg'an 1 milliong'a shamalas jumıs orınlarının' 68% ten ko'biregi awıllıq jerlerde sho'lkemlestirildi»[1]

Miynetti qorg'awg'a tiyisli nızam shıg'arıw h'a'm basqa normativ aktler tiykarında h'a'reket qılatug'ın sotsial-ekonomikalıq tu'rde uyımlastırıw texnik sanitariya-gigienik emlew, profilaktik ila'jlardın' miynet protsessinde adamnın' qa'wipsizliginin', den-sawlıg'ının' h'a'm jumıs qa'biletinin' saqlanıwın ta'miyinleytug'ın ila'jlar sisteması bolıp tabıladı. Miynetti

[1] «2012-жыл Ўатанымыздың раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады», Еркин Қарақалпақстан, 2012-жыл,21-январь, 9-10 саны

qorg'aw tarmag'ında miynetkeshlerdin' den-sawlıg'ın saqlaw, qa'wipsiz jumıs sharayatların jaratıp beriw h'a'm ishki keselliklerdi joq qılıw O'zbekstan Respublikası h'u'kimetinin' tiykarg'ı g'amxorlıqlarınan biri bolıp tabıladı.

Miynet nızamları kodeksine h'ayallar miyneti kollektivlik sha'rtnama is waqtı jumıs h'aqı miynetti qorg'aw tarmag'ında h'a'm basqada ma'seleler sho'lkemlestirilgen. O'zbekstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' 9-noyabr 1994-jıl 538-sanlı qararına tiykarlanıp ka'rxanalarda miynetti qorg'aw ma'mleket basqarıwına o'tkiziledi h'a'm bul ma'selede bas juwapker etip miynet wa'zirligi tayarlandı.

Shımbay rayonı xalqının' joqarı da'rejede o'siwi, olardı jumıs penen ta'miyinlew bu'gingi ku'nnin' u'lken wazıypası esaplanadı. Miynetke jaramlı jastag'ı adamlardın' jumıs penen ba'nt bolıwı, quramı ekonomikanın' rawajlanıwına, miynet resurslarınan ratsional paydalanıwına o'z ta'sirin tiygizip otıradı.

Son'g'ı jıllardag'ı elimizde bolıp atırg'an o'zgerisler Shımbay rayonının' miynetke jaramlı jastag'ı adamlardı jumıs penen ta'miyinlewinde o'zine jarasa mashqalalardı keltirip shıg'armaqta.

Rayon miynet resurslarının' ko'pshilik bo'limi xalıqqa xızmet ko'rsetiw tarawlarında jumıs alıp barmaqta.

Xalıq xojalıg'ı adamlardın' jumıs iskerliginin' eki tarawınan: materiallıq h'a'm materiallıq emes tarawlardı o'z ishine qamtıydı h'a'm bir-biri menen tıg'ız baylanısta boladı. Atqaratug'ın funktsiyaları boyınsha o'ndirislik h'a'm o'ndirislik emes tarawlar birdey emes. Mısalı, o'ndirislik tarawlarg'a sanaat awıl-xojalıg'ı h'a'm qurılıstı o'z ishine qamtıytug'ın tarawlar kirip, materiallıq o'nim islep shıg'aradı h'a'm bul tarawlarda miynet resurslarının' 70%-ten aslamı jumıs isleydi.

O'ndirislik emes tarawlar o'ndirislik tarawlardı tez pa't penen rawajlandırıwdın' tiykarg'ı sha'rti bolıp esaplanadı. Solay etip, xalıqqa xızmet ko'rsetiw sferaları miynettin' o'nimi retinde emes, al xızmeti retinde ayrıqsha paydalanıwshılıq esaplanadı.

Materiallıq o'ndirislik emes tarawlar xalıqtı turaq jay, kommunallıq xızmet ko'rsetiw, sawda, ja'miyetlik sananı qa'liplestiriw yag'ni, ma'deniyat, o'ner, ilim, meditsina, sport, turizm h'a'm t.b. ko'plegen mekemelerdi o'z ishine qamtıydı.

Xalıqqa xızmet ko'rsetetug'ın tarawlardı rawajlandırıw to'mendegi bag'darda miynet o'nimdarlıg'ın arttırıwg'a qatnasadı.

Turaq jay mashqalasın jaqsılaw jolı menen xalıqqa xızmet ko'rsetetug'ın tarawlardın' tu'rlerin ko'beytiw h'a'm sapasın jaqsılaw jolı menen joqarı kvalifikatsiyalı qa'niygeler tayarlaw arqalı, o'ndiris protsessinde texnikalardın' u'skeneleniw da'rejesin joqarılatıw arqalı h'a'm t.b.

Solay etip, ku’ndelikli turmısta adamg’a ne kerek bolsa, barlıg’ı menen ta’miyinlew xızmet ko’rsetiw tarawlarının u’lesine tiyisli h’a’m onı iske asırıw ushın bul tarawdı u’zliksiz rawajlandırıwdı talap etedi.

Usı maqsette men rayonnın’ h’a’zirgi waqıtta ekologiyalıq sharayattın’ qıyınlıg’ı, jerlerdin’ ku’shli shorlanıwı, ishimlik suwlardın’ sapasının’ to’menligi sanaat, awıl-xojalıg’ı o’ndirisin joqarı pa’t penen rawajlandırıwg’a tosqınlıq etedi. Awıl-xojalıg’ında ekosharayat miynetti, mineral to’ginlerdi ko’plep talap etpekte.

Usınday jag’dayda rayon xalqının’ materiallıq abadanlıg’ın arttırıwda ja’miyetlik tutınıw fondı, sotsiallıq ta’miynat, xalıqqa meditsinalıq xızmet h’a’m t.b. tarawlar a’h’miyetli orın tutadı. A’sirese kem ta’miyinlengen shan’araqlardı materiallıq xoshametlew baslı orın tutadı.

Rayon boyınsha meditsinalıq xızmet ko’rsetiw boyınsha 385 orınlıq rayonlıq oraylıq emlewxana, 1 stomatologiya poliklinikası, 15 awıllıq emlew punkti, 17 feldsher akusher punkti iske tu’sip, olarda 170 vrachlar, 749 orta meditsina xızmetkerleri islemekte.

Shımbay rayonı boyınsha xalıqtın’ bilim da’rejesin jaqsılaw boyınsha birqansha jumıslar alıp barılmaqta. Bu’gingi ku’nde xalıqtın’ bilim da’rejesin arttırıwda 6 orta arnawlı oqıw ornı bolıp, onda 4890 oqıwshı bilim almaqta. Rayon aymag’ında 58 mektep, 2 litsey bolıp, onda 22329 oqıwshı ta’lim almaqta. 5 mektepten tıs orın, 34 balalar baxshası, olarda 2085 bala ta’rbiyalanbaqta. Rayon aymag’ında xalıqtın’ den-sawlıg’ın jaqsılawda h’a’m ma’deniy dem alıwı ushın 1 stadion, 42 sport zalı, 34 futbol maydanshası, 10 kitapxana, 1 kinoteatr rayon xalqına xızmet ko’rsetpekte.

Rayon ko’leminde transport tarmaqların rawajlandırıw qala orayı h’a’m xojalıqların elektr tarmaqları menen ta’miyinlew, rayon orayı h’a’m elatlı punktlerdi gaz, ishimlik suwı menen ta’miyinlew boyınsha aytarlıqtay jumıslar islendi. Transport tarmaqlarının’ barlıq tu’rleri boyınsha tasılg’an ju’k 891,4 mın’ tonnanı, usınnan 429,9 mın’ t. №40 ATP aktsionerlik ja’miyetine tuwra keldi.

Ulıwma alg’anda rayonnın’ transport tarawların jaqsılawda asfaltlang’an jollardın’ a’h’miyeti u’lken. Rayon boyınsha tiykarg’ı transport manevrli avtomobil transportı esaplanadı. Aldag’ı waqıtta xalıqtın’ jumıs iskerligin miynet o’nimdarlıg’ın arttırıwda xalıqqa xızmet ko’rsetiw tarawların ele de rawajlandırıw maqsetke muwapıq.

## Juwmaqlaw

Shımbay rayonı respublikamızdın' arqa rayonları ishinde awıl-xojalıg'ına qaniygelesken rayonlar qatarına kirip, ekonomikalıq reformalardı basqıshpa-basqısh a'melge asırmaqta. Bazar ekonomikasına o'tiw da'wirinde h'a'r bir rayonnın' ekonomikalıq rawajlanıw bag'darların boljaw h'a'm analizlew a'h'miyetli ma'sele esaplanadı. Sebebi h'a'r bir rayonnın', sonın' ishinde men izertlep atırg'an rayonnın' da keskin ekologiyalıq sha'rayatta xalqı h'a'm miynet resursların u'yreniw u'lken a'h'miyetke iye.

Son'g'ı waqıtları elimizde ju'z berip atırg'an h'a'r qıylı ta'biyiy h'a'm ekonomikalıq sha'rayatlarg'a baylanıslı Qaraqalpaqstan Respublikası, sonın' ishinde Shımbay rayonı xalqının' ta'biyiy o'sim ko'rsetkishi da'slepki jıllarg'a salıstırg'anda biraz bolsa da to'menledi. Ta'biyiy o'simnin' az da bolsa to'menlewi miynet resurslarının' sanına o'zinin' keri ta'sirin tiygizbedi. Kerisinshe rayonda miynet resurslarının' rezervi mol. Bul rezervlerdi tu'rli tarawlar arasında aqılg'a muwapıq bo'listiriw miynet resursların h'a'reketke keltiretug'ın o'ndirislerdi du'ziw, h'ayal-qızlardın' qol miynetin ko'p talap etetug'ın o'ndiris tarawların ken'eytiw a'h'miyetli ma'selelerden biri bolıp tabıladı.

Rayon xalqının' miynetke jaramlı jastag'ılar sanı 64400 adam, miynet jasına shekemgiler 38100 adamdı quraydı. Rayonda keleshekte miynet resurslarının' sanı h'a'zirgige salıstırg'anda a'dewir ko'beyetug'ınlıg'ınan derek beredi. Sonın' ushında bu'gingi ku'ni rayonda adamlardı jumıs penen ta'miyinlew mashqalası kelip shıg'ıp otır.

Rayondag'ı qol miynet resurslarınan aqılg'a muwapıq paydalanıw ushın ila'jı barınsha kishi ka'rxanalar, qospa ka'rxanalar, h'a'r qıylı qol o'nermentshilik ustaxanaların, xalıqqa xızmet ko'rsetiw u'ylerin sho'lkemlestiriw rayon xalqı ushın ju'da' paydalı bolatug'ını so'zsiz.

Rayon xalqın kompleksli izertlew na'tiyjesinde qala xalqı menen baylanıslı bir qansha juwmaqlarg'a ayrıqsha toqtap o'tiw za'ru'r.

- Rayon xalqı tez pa't penen o'sip atırg'anlıg'ı anıqlandı. Bul keleshekte o'ndiris ku'shleri tez pa't penen o'setug'ınlıg'ınan derek beredi.
- Son'g'ı 10-15 jıl ishinde yaki g'a'rezsizlik jıllarında xalıqtın' quramında bir qansha o'zgerislerdin' kelip shıqqanlıg'ın ko'riwimizge boladı. A'sirese sotsial-ekonomikalıq bag'darda.
- Shımbay rayonı xalqının' jas quramın analizlegende jas o'spirimlerdin' sanı u'zliksiz tu'rde o'sip barg'anlıg'ının' gu'wası bolamız. Sonın' ushında miynet resurslarınan aqılg'a muwapıq paydalanıw h'a'm olardı jumıs penen ta'miyinlew mashqalasın sheshiw.

Juwmaqlap aytqanda, xalıqtın' tolısıwı, miynet resurslarının' jaylasıwı, ba'ntliligi, rawajlanıwı h'a'm rezervleri keleshekte ilimpazlar ta'repinen teren'irek izertlewdi talap etedi, dep oylayman. Bul keleshegi ullı O'zbekstan h'a'm Qaraqalpaqstan Respublikalarının' g'a'rezsizligin bekkemlewde u'lken rol oynaydı.

## O’mir qa’wipsizligi

O’zbekstan Respublikası Joqarı h’a’m orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg’anıwdın’ baslıg’ı A.Parpievtin’ 28.10.2008 j. №318-sanlı buyrıg’ı h’a’m universitet İlimiy Ken’esi (12.11.2008 j, №2 is qag’azı) qararı tiykarında tayarlang’an universitet rektoratı buyrıg’ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O’mir qa’wipsizligi» pa’nin barlıq ta’lim bag’darları boyınsha talabalarg’a oqıw protsessinde u’yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın h’a’m bakalavr qa’nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa’nnin’ h’uqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Ja’miyette puxaralardın’ h’uqıqları h’a’m erkinliklerin qorg’aw ta’miyinlengende ol h’aqıyqıy, h’uqıqıy puxaralıq ja’miyet boladı. Ha’r bir adam o’z h’uqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o’z h’uqıqı h’a’m erkinliklerin qorg’ay alıwı lazım. Bunın’ ushın da’slep ma’mleketimiz xalqının’ h’uqıqıy ma’deniyatın asırıw za’ru’r” (İ. Karimov. O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta, 31–bet).

XX a’sirdin’ 60–jıllarınan baslap is ju’rgizip kelgen puxaralıq qorg’anıw sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası tınıshlıq da’wirinde h’a’m urıs jag’dayında ma’m- leket xalqın jalpı qırg’ın quralları h’a’m basqa xu’jim qurallarınan qorg’aw, urıs jag’dayında xalıq xojalıg’ı obektlerinin’ turaqlı islewin ta’miyinlew h’a’mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw h’a’m tiklew jumısların o’z waqtında na’tiyjeli a’melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o’mirine tek jalpı qırg’ın qualları emes, ba’lkim basqa qa’wip – qa’terlerde qa’wip salmaqta, olardı na’zerden shette qaldırıw h’asla mu’mkin emes. Bular ta’biyiy, texnogen h’a’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg’a kelip yadro urısı qa’wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan’a – zamanago’y qural tu’rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa’wipli bolmay, ba’lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg’arıwg’a qaratılg’an edi. Bulardın’ barlıg’ı puqaralıq qorg’anıw sisteması ornında jan’a bir sistema du’ziliw kerekligin da’llilep berdi.

Puqaralıq qorg’anıw ornın iyelewi mu’mkin bolg’an iri ko’lemdegi ayrıqsha jag’daylarg’a a’welden tayarlıqtı ta’miyinlewshi jan’a arnawlı ma’mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq h’a’mde urıs da’wirinde xalıqtı h’a’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw h’a’m qutqarıw jumısların o’tkerip qoymay, basqa a’h’miyetli ilajlardı: ta’biyiy apatlardan qa’wipli aymaqlar kartaların du’ziw, seysmikalıq bekkem bina h’a’m imaratlardı qurıw, qısqa, orta h’a’m uzaq mu’ddetli boljaw jumısların sho’lkemlestiriwi h’a’m xalıq tayarlıg’ın a’melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja’ne bir ma’seleni aydınlastırıp alıwg’a tuwra keledi. Ayrıqsha jag’day degen ne, onnan xalıqtı h’a’m aymaqlardı qorg’aw degende neni na’zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag'day – adamlar qurban bolıwı, olardın' den sawlıg'ı yaki qorshag'an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg'ınlar keltirip shıg'ılıwı h'a'mde adamlardın' turmıs sharayatının' izden shıg'ıwına alıp keliwi mu'mkin bolg'an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa'wipli ta'biyg'ıy h'a'diyse yaki basqa ta'biyiy apatshılıq na'tiyjesinde belgili bir aymaqta ju'zege kelgen jag'day.

Xalıqtı h'a'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw – ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw h'a'm olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar siteması, h'a'reketler birlesigi.

Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw – aldın ala o'tkerilip, ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi qa'wipin mu'mkinshiligi bolg'ansha kemeytiwge, bunday jag'daylar ju'z bergen ta'g'dirde bolsa adamlar den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan h'a'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge qaratılg'an ilajlar kompleksi.

Ayrıqsha jag'daylardı saplastırıw – ayrıqsha jag'daylar ju'z bergende o'tkerilip, adamlar o'miri h'a'm den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan h'a'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag'daylar ju'z bergen zonalardı shen'berge alıp, qa'wipli faktorlar ta'sirin toqtatıwg'a qaratılg'an avariya – qutqarıw jumısları h'a'm basqa keshiktirip bolmaytug'ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı h'a'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında qoyılg'an en' tiykarg'ı jumıslardın' biri–da'slep Qorg'anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg'anıw h'a'm ayrıqsha jag'daylar basqarmasının', son' usı basqarma tiykarında O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 1996-jıl 4- marttag'ı PF–1378 Buyrıg'ı menen Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' du'ziliwi boldı.

Ministrlik is ju'rgize baslag'annan son' xalıqtı h'a'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawının' h'uqıqıy tiykarın du'ziwshi bir qatar nızam h'a'm qararlar qabıl etildi.

O'zbekstan Respublikası nızamları:

Xalıqtı h'a'm aymaqlardı ta'biyiy h'a'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw h'aqqında (1999-jıl 20-avgust) – 5-bo'lim h'a'm 27- statyadan ibarat. Nızam xalıqtı h'a'm aymaqlardı ta'biyiy h'a'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawındag'ı sotsial mu'na'sibetlerdi ta'rtipke saladı h'a'm ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi h'a'm rawajlanıwının' aldın alıw, ayrıqsha jag'daylar keltiretug'ın shıg'ınlardı azaytıw h'a'm ayrıqsha jag'daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

Puxaralıq qorg'anıw h'aqqında (2000-jıl 26-may) – 4-bo'lim h'a'm 23-statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg'anıw tarawındag'ı tiykarg'ı wazıypalardı, olardı a'melge asırıwdın' h'uqıqıy tiykarların, ma'mleket organlarının', birlespe h'a'm sho'lkemlerdin' wa'killiklerin,

O’zbekstan Respublikası puxaralarının’ h’uqıqları h’a’m ma’jbu’riyatların, sonday–aq puxaralıq qorg’anıw ku’shleri h’a’m qualların belgileydi.

Adamnın’ immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin’ aldın alıw h’aqqında (1999-jıl 19-avgust) – 13-statya. Nızamda AİJS keselliginin’ aldın alıw tarawındag’ı ma’mleketlik ta’miyinlew, keselliktin’ aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta’miyinlew, puxaralardın’ h’a’m ma’jbu’riyatlarına tiyisli ma’seleler ko’rsetilgen.

Gidrotexnika inshaatlarının’ qa’wipsizligi h’aqqında (1999-jıl 20-avgust) – 15-statya. Usı nazımnın’ maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg’a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw h’a’m tamamlawda qa’wipsizlikti ta’miyinlew boyınsha iskerligin a’melge asırıwda ju’zege keletug’ın mina’sibetlerdi ta’rtipke salıw bolıp tabıladı.

Awıl xojalıq o’simliklerin zıyankesler, kesellikler h’a’m jabayı ot - sho’plerden qorg’aw h’aqqında (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın’ maqseti awıl xojalıq o’simliklerin zıyankesler, kesellikler h’a’m jabayı ot - sho’plerden qorg’awdı ta’miyinlew, o’simliklerdi qorg’aw qurallarının’ adam den sawlıg’ına, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa zıyanlı ta’sirinin’ aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat.

Radiatsiyalıq qa’wipsizlik h’aqqında (2000-jıl 31-avgust) – 5-bo’lim h’a’m 28 statyadan ibarat. Nızamnın’ maqseti radiatsiyalıq qa’wipsizlikti, puxaralar o’miri, den sawlıg’ı h’a’m mal – mu’lki, sonday – aq, qorshag’an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın’ zıyanlı ta’sirinen qorg’awdı ta’miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat.

Terrorizmge qarsı gu’res h’aqqında (2000-jıl 15-dekabr) – 6-bo’lim h’a’m 31-statyadan ibarat. Usı nızamnın’ maqseti terrorizmge qarsı gu’res tarawındag’ı qatnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın’ tiykarg’ı wazıypaları shaxs, ja’miyet h’a’m ma’mlekettin’ suverenitetin h’a’m aymaqlıq pu’tinligin qorg’aw puxaralar tınıshlıg’ı h’a’m milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

Qa’wipli islep shıg’arıw obektlerinin’ sanaat qa’wipsizligi h’aqqında (2006-jıl 28-sentyabr) – 23-statya. Nızamnın’ maqseti qa’wipli islep shıg’arıw obektlarinin’ sanaat qa’wipsizligi tarawındag’ı qa’tnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat.

O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ qararı:

Tasqınlar, sel ag’ımları, qar ko’shiw h’a’m jer ko’shkisi h’a’diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw h’a’m olardın’ aqıbetlerin toqtatıw barısındag’ı – ilajlar h’aqqında (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag’ımları, qar ko’shiw h’a’m jer ko’shki h’a’diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o’z waqtında h’a’m na’tiyjeli sho’lkemlestiriw, sonday – aq olardın’ aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ qararları:

O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylar ministrliginin’ jumısın sho’lkemlestiriw ma’seleleri h’aqqında (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg’a «O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylar h’aqqında»g’ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag’daylar ministrliginin’ tiykarg’ı wazıypaları, h’uqıqları keltirilgen.

O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylarda olardın’ aldın alıw h’a’m h’a’reket etiw ma’mleketlik sisteması h’aqqında (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylarda olardın’ aldın alıw h’a’m h’a’reket etiw ma’mleketlik sisteması (AJMS) h’aqqındag’ı Nızam h’a’m onın’ du’zilisi tastıyıqlang’an, ministrlik h’a’m idaralardın’ xalıq h’a’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

O’zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag’daylardan qorg’awg’a tayarlaw ta’rtibi h’aqqında (1998-jıl 7-oktyabr 427–sanlı). Qarar ma’mleket xalqın h’a’m aymaqların ta’biyiy h’a’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg’a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında tayarlaw ta’rtibi h’aqqında»g’ı Nızam O’zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında, sonday–aq ayrıqsha jag’daylarda h’a’reket etiwge tayarlıqtan o’tip atırg’an xalıq toparların tayarlawdın’ tiykarg’ı wazıypaların, tu’rleri h’a’m usılların belgileydi.

Ta’biyiy, texnogen h’a’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardın’ sıpatlaması h’aqqında (1998-jıl 27-oktyabr, 455-sanlı). Qarar menen tastıyıqlang’an sıpatlamag’a muwapıq ayrıqsha jag’daylar ju’zege keliw sebeplerine ko’re texnogen, ta’biyiy h’a’m ekologiyalıq qa’siyetli, usı jag’daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug’darına h’a’m ko’lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika h’a’m transsshegaralı tu’rlerge bo’linedi.

G’alaba xalıqlıq ilajlardı o’tkeriw qag’ıydaların tastıyıqlaw h’aqqında (2003-jıl 13-yanvar, 15–sanlı). O’zbekstan Respublikası aymag’ında g’alaba xalıqlıq ilajlar o’tkeriliwi waqtında ja’ma’a’t qa’wipsizligin ta’miyinlew h’a’m ta’rtibin qorg’aw maqsetinde qabıl etilgen.

Ayrıqsha jag’daylardı boljaw h’a’m aldın alıw Ma’mleket da’stu’rin tastıyıqlaw h’aqqında (2007-jıl 3-aprel, 71–sanlı). Ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw h’a’m aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg’an jumıslar o’nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko’rsetilgen h’uqıqıy h’u’jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg’a “O’mir qa’wipsizligi” pa’ninin’ barlıq bag’darları boyınsha ken’ ma’niste tu’sinikler berildi.

## PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI


1. Karimov İ.A. O’zbekstan ekonomikalıq reformalardı teren’lestiriw jolında. Tashkent, «Uzbekistan», 1995-j.

2. Karimov İ.A. Elimizdi modernizatsiyalaw h’a’m ku’shli puqaralıq ja’miyet qurıw - en’ a’h’miyetli maqsetimiz. 27-yanvar 2010-jıl, Xalq swzi gazetası, 20 san.

3. Karimov İ.A. «2012-jıl Watanımızdın’ rawajlanıwın jan’a basqıshqa ko’teretug’ın jıl boladı», Erkin Qaraqalpaqstan, 2012-jıl,21-yanvar, 9-10 sanı

4. Жалгасбаев Ж. Растительность Южного Приаралья и ее изменение. -Нукус: "Билим". 1995. - 156 с,

5. Жоллыбеков Б. Измёнение почвенного покрова и ландшафтов Южного Приаралья в связи с антропогенным воздействием. - Нукус: "Билим". 1995. -242с.

6. Матмуратов Дж. Агроклиматические условия Северо-западного Узбеки-стана. - Нукус: Каракалпакстан. 1989. - 256 с.

7. Рафиков А.А., Юсупова Д., Алланазаров К.Ж. Проблемы использования земель дельты Амударьи. Сельское хозяйство Узбекистана.1998.№2.С. 52-55.

8. Саманов Ж., Курбаниязов К., Палыбеков А., Ибрагимов Дж. Геология и полезные ископаемые Каракалпакии. - Ташкент: Фан, 1972.- 146 с.

9. Matmuratov J. Qaraqalpaqstannın’ ta’biyiy sharayatı h’a’m ta’biyiy resursları. No’kis, «Bilim», 1989-j.

10. Dauletova Q., Umarov E. Qaraqalpaqstannın’ ta’biyatı h’a’m xojalıg’ı. No’kis, «Bilim, 1989-j.

11. Медетуллаев Ж. Использование трудовых ресурсов в сельском хозяйстве. Нукус, 1980.

12. Qaraqalpaqstan Respublikası Ma’mleketlik statistika basqarması mag’lıwmatları (2001-2011-jj.)

13. Shımbay rayonının’ statistika bo’limi mag’lıwmatları (2001-20101 jj.)

14. Qaraqalpaqstan Respublikası jer resurslar basqarması mag’lıwmatları (2001-2011-jıllar).

15. Shımbay rayonı pasportı mag’lıwmatları (2001-2011jj).